Milik Departemen P dan K
Tidak diperdagangkan
Untuk umum

Carub Kandha
Carang Seket

Sudibjo Z.H.
T.D. Sudjana

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan

bu Yulis
mei 15

899.222
CAR.

ARUB KANDHA
CARANG SEKET

2 AUG 1983	684

PPS/Jw/3/79

Milik Departemen P dan K
Tidak diperdagangkan

CARUB KANDHA CARANG SEKET

Alih Aksara:
SUDIBJO Z.H.

Alih Bahasa:
T.D. SUDJANA

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
PROYEK PENERBITAN BUKU SASTRA
INDONESIA DAN DAERAH
Jakarta 1980

Diterbitkan oleh Proyek Penerbitan
Buku Sastra Indonesia dan Daerah

Hak pengarang dilindungi undang-undang

KATA PENGANTAR

Bahagialah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalian karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalian sastra daerah jelas akan besar sekali bantuannya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahan pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seirama dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Jawa, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta, 1980

Proyek Penerbitan Buku Sastra
Indonesia dan Daerah

BISMILLAHIR RAKHMANIR RAKHIM

I. DHANGDHANGGULA

1. Amiliya malebu jaladri
andasar muwah tumpang-matumpang
angurugi ing ragane
Samsu Tambres kinubur
sirna sakalanipuneki
dadiya kang minangka
panumbasing wau
kadya mas kang luwih abang
ingkang awor kalawan reretuneki
malak mandar waluya

2. tumekaning waluya kang sejati
amargi Samsu Tambres kinarsa
kang sejatining uripe
kaub mring Jeng Rasul
tetesing pamor kiwari
tan ilang mring mujijat
rembesaning madu
turun manon kang utama
ora gingsir lincad lan tekad mring kaki
terahing kanabiyan.

3. Siluman darat siluman wari
mujikaken salamet ing kakinya
Samsu Tambres salakune
yen sida ing lampus
kiyamat suwargane Banujin
milanipun sang jaka
sanggenipun rahayu
ing sadasaring sagara
prandene urip lenyep anirma budi
goib karsane Allah.

4. Kocapa kang ibu ing suwari
ciptanira iku ing nagara
sediya yen ing putrane
manah lola lan lalu
kersanira ambucul iki
mangun kaluwat-luwat
sirnane dat iku
malebonira atapa
nagara Kupra Wedadi alas nggerit
kawula bala bubar.

5. karana dening musuh nagari
sadaya angungsi mring nagara
kang harja adil kukume
kaduga patang taun
Dewi Khami nembe anglilir
kadya angsal anggugah
sampurna Hyang Agung
wus pangling dhateng nagara
sunya dadi alas Dewi Khami nangis
kelangan dhuking kuna.

6. Ana suwara kagawa angin
ujar pangandikane suwara
he Khami sabara mengko
ora wurung sun tulung
sabarana sakedhap maning
sang dewi dhuking miyarsa
suwara kang estu
dadya waluya ing manah
ana tengah-tengahing wanadri iki
rido maring Hyang Esa.

II. SINOM

1. Warnanen nakoda Cempa
lumampah mring umroh haji

sawise mulih king umrah
amarga ing alas rusid
tan adang kang pinanggih
Dewi Khami kaki lusuh
tanpa sanak lan rewang
manahe luwih prihatin
ing kocapa juragan haji anabda.

2. He gusti ing endi putra
langkung gegetun ing ati
kawula mboten anyana
yen dados kados puniki
sang dewi amangsuli
tan mahal amung Hyang Agung
yen kersa mulyakenang
marang kang ina kasisih
anginakaken mring kang duwe kamulyan.

3. Putra ndika anglelana
tan uning puruge iki
wis lami mboten kumama
ing panggenane kang rayi
juragan miyarsani
sang Dewi Khami cinatur
yen karuna miyarsa
dhateng awak mamineki
mangga gusti sami-sami pailaran.

4. layan kula pailaran
mananten pinareng pinanggih
darapon pinanggih enggal
sareng laksananing jangji
mongmong putra sang Aji
sang Dewi anadya anut
anderek lampahira
haji Dul Kodir nggulati
pirang-pirang nagara tan olih beja.

5. Lumampah lawan baita
kambang-kambangan ing tasik
ing lautan sewu depa
pareng nuju Saptu wengi
prau tan bisa mosik
pitung dina pitung dalu
juragan ciptanira
apa Khami ingkang mawih
bendega sadaya amaras ing ati.

6. Mangka sang haji juragan
pinareng ngeliyep nuli
amanggih kaki wawarta
sabdane abdi linuwih
juragan yen kapanggih
suta puponira wau
ibunipun pernahna
maring Cempa ingkang preni
simpenen aja kongsi katingalan.

7. Juragan gawe putusan
maring Cempa anggawa dhingin
prenahna enggon tan wera
wising mangkat den aglis
mardi ing ngelulupi
banyu sasoring perau
kang angadhep yen ana
rupa apa ja tinampik
wosing tutug winangside kaki tuwa.

8. Kaget ngalilir juragan
suka rena manah iki
tan sepi marenta-renta
siji utusan pinuji
mring Cempa sang dewi
enggone kang preni singkur
kang aja katingalan

lamun isun mbesuk mulih
poma-poma ujar ingsun estokena.

9. Utusan iku wis tampa
ujare pernahe iki
sang juragan lampahira
kaliyan sang Dewi Khami
enggal prapta enggon preni
ana ing Cempa kang singkur
kalingan ardi desa
lan kaluwargane iki
Dul Kodir sedaya samya bakti hormat,

10. tur padha ngebakti ika
ing prau kocapa malih
sajerone wari punika
kalawan parentah iki
lan enggal nyembadani
sedaya samya mituhu
enggal sira tumandhang
silem ing jero jaladri
olih kardi anggawa sekar tanjung mas.

11. Ing haji dipun aturan
sukur manahe wis atampi
angungun lah iki baya
sekar tanjung dipun puji
nulya den uri-uri
den taroh kurungan bagus
mangka sadaya ingkang
ginanjar kang nyelulupi
pinaringan lan pikanthuk satus dinar.

12. Lumaris praune enggal
apa kadya piranti
lalayaran ing samodra
indra jala lampahe lir
sawatara sawengi

wong adan langka kaprungu
lir wari kang miyarsa
aneng ingkang atineki
rerungonen kang pikire sang juragan,

13. amerik sagupuh ika
ilang tanjung kencana ki
katon kang ana wanodya
tejane sumeng aluwih
ing langit kadya sasih
den sawang ing panci wau
Samsu Tambres punika
dhuking kang samanten dhingin
warnane lir pendha kádya maskara.

14. Juragan haji samana
pangregep waktu sayekti
pan panasthi leleberan
mukjijate Kangjeng Nabi
tanjung temahe jalmi
iku timbuleng sinuku
ing sih kang angatingal
ing derajat mulyaneki
ananing sajerone iki reh lawas.

15. Iki tumpur ing sagara
watara pitung taun wis
tis tarima dening juang
tapa Samsu Tambres iki
dhuk ing Cempa nagari
kongang selampah mituhu
nalika sang juragan
pinarnahaken nggon yuni
trahing Nabi kang ajaka duracara.

16. Bade kang arah kapuja
lawan uga kang pinuji
salinggih Samsu ika

kapernah panggonaneki
patut peta wewasi
masuh raga kang satuhu
lan meres kasucian
aneng kasunyatan iki
gentur gesang ragane namung sederma.

17. Wus mlayu lebeting palwa
Samsu Tambres wis amancing
ing ujunge pulo Cempa
campuhing iwak nut wuri
maring sang terahing Nabi
dadi sinebutan mashur
aneng nagara Cempa
murah iwak derma milih
murah-murah padha wareg sanegara.

18. Berkahe sang Waliyullah
ingkang lenyep lampahneki
sarira tinamtunira
ing Cempa wus padha mati
seger maning manah iki
klawan tur tan kirang banyu
wareg sarwa pinangan
tineka sarwa kumelip
sarupaning kekewan tur padha manak.

19. Saking paulatane gampang
wong dagang padha dum bathi
suka maring kang pinuja
pan ya akeh ing nemahi
ing sagrenjeting ati
karomat Batara Agung
sang Samsu Tambres ika
gesang kawarasan iki
tan katekan sasalad lan pancabaya.

20. Wis suci sajrone desa

Ki Juragan desa muslim
tur slamet sami santosa
tigang taun sinungsung iki
isine Cempa sami
anderek darusing iku
lawan amantubillah
panggonane para ahli
sunah lan jamah masjid agung gumawang.

21. Sedaya kanugerahan
langkep mashure wong muslim
padha agung sejatine
tabaruke Maha Suci
Sang Aluhung mring iki
sagolongan kang mau
pekampungan kang jembar
golongan agama muslim
kasinungan mring Gusti Kang Kuwasa.

22. Katemben ana ing Cempa
durung sumrambah puniki
tetapi sang raja Cempa
cepet masih anuhoni
kabudhaan agami
katekan agama Rasul
agama Nabiyullah
durung arempug sesami
amung uga mojok kewaki kewala.

23. Masih akeh wong kang budha
akeh kang padha sumingkir
Samsu Tambres den siya-siya
amung tapis wiring iki
samya rempug puniki
ucap basa bengat wau
Samsu Tambres punika
mashur waliyullah sejati

dadiya wong luhung ing nagara Cempa

24. tan kenaa kaungkulan
ing samudayane urip
sihing sukma tanpa wangenan
kaprah lami gesang iki
gasiking mangun gendhing
Khami datan kenging ngrungu
kinungkung ing panggonan
ingkang sinimpen lan preni
kudu ana ing prabawine sedaya

25. kapan susunu sadaya
arah enggal kang pinanggih
gugup lumaris angadhang
sami den trajang mulat ing
putra sapandeleng iki
Sekh Samsu kalintang wau
maksih tan lali kena
ing perkara ingkang dhingin
sungkan ningal ibu sigra wiyangkenan

26. kang ibu maksih kintilan
cinegahan saking wuri
saking iku datan kena
separan kang putraneki
kudu bae ditiburi
bareng tumeka prenah iku
ing lawang saketeng ika
nagri Cempa adan nuli
Sekh Samsu Tambres mendhem ing riku ika

27. ambles mara ing buntala
kang ibu karuna kari
sami rinebut binakta
manthuk dhateng pernah iki
haji juragan asih
kalintang ngungun lan getun

getune maring ingkang
tunggu enggon kang sayekti
kenang apa padha nisip kinekeran

28. ngekeri wong wadon ika
wong wadon ingkang sawiji
parandene metu duka
lah purwane apa iki
lebur cara lan tulis
iki kaniayaning wau
seja mburu putraneki
ora kaya kang wus padha wasis ika.

29. Tan karsa tinum ing biyang
perwateke estri cawiri
salaku winanci ika
kudu bae mburuneki
tinemahan mahani
ing Cempa nagara wau
bakate tan darbe ika
sinebut tan darbe sayid
datan wurung kendhone kang mburu Islam,

30. ya ta getun-ginetunan
sakanca juragan haji
rebat ngeres tan karuwan
kang den urus tuna dadi
prihatin ing wong muslim
krana bakal tanpa guru
kadya pithik kelangan
biyung sasirnaning wali
ya luputing wong Dewi Khami popoyan.

31. Kudu sumarwah kamanak
maring anak kang sejati
sun suhuni mring Hyang Sukma
salameta kalih mami
kula kaliyan pecil

ngapuraha Hyang Agung
tumuli ana swara
terus terang saking langit
he Khami aja kuwatir ati sira.

32. Poma-poma yen den sabar
dhateng saburine mangkin
anyandhung geneng menyan
nginum ing segara manis
nyata sang Dewi Khami
marem ing manahe sukur
tigang tahun lawasnya
tanpa guru genya muslim
imut kendho kenceng lakuning agama.

III. KINANTHI

1. Wonten ganti kang cinatur
kandhane secarang malih
kang kapindho saking epang
pange Carub Kandha muslim
duriyating Rasulullah
kang bakal mencar ngajawi.

2. Tuwin dhateng sabrang iku
malah dat kang muri-muri
agama Allah kang mulya
pemantepe Kangjeng Nabi
ambelani ing agama
saanak putune sami.

3. Ngukuhi agama luhur
mencar saking sabrang Jawi
pon uga Rasul punika
anggelar Islam agami
agama Islam utama
mukjijate Kangjeng Nabi.

4. Mbesuk yen mukjijat iku
manten hingga rubuh langit
karana kiyamat kubra
mila ing sabakdaneki
estu kasambungan ika
uga dening kramat wali

5. ingkang mencar pernahipun
maring pulo-pulo sami
sapunden pandhemenira
narika sarengat Nabi
kang sami tinular-tular
sakira-kirane sama.

6. Ana ngilarana ngidul
anut sakarsane Widi
endi pulo karawuhan
sayekti dumadi muslim
isine kang ning nagara
samya-samya mupakati.

7. Rasulullah pon asunu
Patimah waktu sesiwi
Kusen pun ingkang putra
Sekh Iman Jenal Abidin
putranipun kang panengah
kang peparab Abu Yamin.

8. Ana pon ingkang sesunu
Maolana Yusup iki
ingkang dhateng wonten Arab
Yusup apeputra iki
duta Samud kang dumadya
pinangka rasul dumadi,

9. ratu agung bumi iku
ing sabrang sarengat Nabi
karananira nerambah

wadyabala anak-seni
wali satuhu susunan
Atas Angin Wiliyullah.

10. Insan Kamil kang jejuluk
para ratu sebrang iki
kang sami ambukti ika
duta Samud kang winisik
lami ing aurip ika
apeputra lanangneki

11. sira ingkang nami iku
Sekh Jatisura anami
kang remen ambanting raga
lelana mider kaeksi
mring praja dedemit siluman
lelembut samya kumanthil

12. sadaya padha sumujud
miwah kang siluman bumi
ejin laut ejin darat
sinembahan maring iki
tan ana mring kang kuwasa
Sekh Jatisura kanami.

13. Lami-lami nuli rawuh
maring Cempa apepanggih
kalawan haji juragan
sinanggrama alinggih
kalangkung sineba ika
juragan ngartos ing wangsit.

14. Yen iku wali satuhu
malak mandar dados ganti
gantining Sekh Samsu wis ilang
kaganti dening sang prapti
pinangka guru ing Cempa
Sekh Jatisura dumadi

15. ing sukane manahipun
lamona jenek alinggih
aning pamulange Cempa
ambabar ilmu sejati
kagiri-giri kang padha
agung sih taburuk wali

16. kang mantri yutan pinunjul
padha ngebakti mring ilmi
putra raja anak bidhak
akeh padha mlebu muslim
dhateng ngarsa sang paduka
pandita agung utami.

17. Wus apa dudune ratu
panggrenggenging sami ngabdi
ing Molana Jatisura
ing Cempa kadya anglindih
palakarta raja Cempa
akeh den saladeni.

18. Lawas-lawas aning riku
sang Sekh Jatisura iki
anduwening sir wus karsa
sukma jodo putri Khami
mapan tunggal bangsanira
turunan gusti Jeng Nabi.

19. Lah iki kamulyanipun
dewi Khami angbakta ing
laki guru Maolana
Jatiswara linuwih
kang katutugan sampurna
hal dunya lawan agami.

20. Ing sakarsaning kadulur
tigang tahun ingkang lami
tumeka cobaning Sukma

amargi saking wong cilik
ing Cempa mawah panglima
akeh padha tinggal gusti.

21. Raja Cempa dadi bendu
batara pan bakuneki
menawi Jatisuwara
ing wekasan laku iki
angelindih ing kerajan
adan ngandika ing patih.

22. He Patih tundhungen wong iku
aja suwe padha nyantri
ageh dikon lunga sigra
aja ana kari sawiji
ora sudi praja ningwang
den jeneki aning santri.

23. Bubarna den gupu-gupu
kendhangna saiki iki
raja branane kon gawa
sang Patih enggal ing pamit
saking ayunan Batara
anganter ponggawaneki.

24. Mantri lan prajurit iku
Jatisuwara pamili
pamulangan petapanan
tanpa adoh kanan keri
wargane haji juragan
angriyung mager ing sari.

25. Maring sang adi luhung
aning Cempa Atas Angin
gumelar padha agama
masjid agunge dumadi
agung ingkang barjamaah
solat atilawat muji.

26. Berkahing wali satuhu
rinubungan bala muslim
watara ana rong laksa
jejodon kang melu mukmin
ing tuwan Sekh Maolana
manut lampahe agami.

27. Kawan dasa santri sepuh
kawan atus gunging santri
samya perjaka sedaya
ing ngarsane sang maharsi
kawan nambang santri bocah
kawan laksa kang sin'antri

28. kang sami mantep asuhud
tan nana menging sadami
tan arah yen durakaa
mara ingkang guru iki
sayid tan antara lama
Dewi Khami anggarbeni

29. Babar putranipun jalu
sinebut Ahmad anami
angadheni malih lanang
Muhamad kang namineki
sedenge sami perjaka
nuli sunan Atas Angin.

30. Haji duta Samud lampus
tumanthuk ing Hyang Widi
sasirnaning haji duta
rempage kawula alit
Jatisuwara kang minangka
gegentine sang ayogi.

31. Supayane datan purun
Jatisuwara nggentosi

anging putra nama Akhmad
kang kinarya anggentosi
ing salinggihe kang Eyang
angratoni Atas Angin.

32. Wus den estreni alungguh
dupi putra ingkang nami
Muhammad kagungan bagja
dadi raja ing Bawangi
aning Minangkabo sebrang
bawaning laksa mring muslim.

33. Kamulyane adi luhur
kang amakuta linuwih
anuwa-nuwa makuta
Kangjeng Yusuf Mesir nagri
kaidinan mring Kuwasa
tur kinaridon amangking.

34. Karana tedhake Rasul
utama tedhak narpati
ing endi-endi nagara
waline kang amayungi
sinebut sasangkan-sangkan
sinangkanan anut buri.

35. Sanajan ana kang ngaruh
kabubuwan ingkang jalmi
datan ana kakencengan
ingkang kaliwat ing angin
nanging sadela lir penda
panelenging kang gegiris.

IV. ASMARANDANA

1. Wonten gantining winarni
carang ping tiga saking pang

ing Carub Kandha baktine
pan duriyat Rasulullah
kang angiseni sebrang
pinangka Rasuling Rasul
amuri-muri agama.

2. Agamanira Hyang Widi
mencar ing pulo ngejawa
ing Jawa Sabrang anane
ingkang dados wakil mutlak
gusti Nabi Jeng ika
kagentos sing wali wau
Waliyullah kang nama.

3. Dadya yen ta muri-muri
dhateng lawang kenabian
durung kinunci lawange
mungguh lawang kenabian
bakti warana olya
dadya ajrih nabi wau
karna hakekate tunggal

4. tunggal kekasihing Widi
wilayating kenabian
ambir liyan asmarane
nabi kalawan aolya
ing sejatine tunggal
muwah ing karamatipun
amung bedha ing babasan.

5. Yen kaluwihaning nabi
kasebutaken mukjijat
paring Allah mukjijate
mungguh kang maring aolya
sinebut ing karamat
peparing saking Hyang Agung
Tunggal roroning Tunggal

6. Kangjeng Nabi asesiwi
Patimah gusti wanodya
lan akrama perwirane
Bagenda Ali kang nama
anulya apeputra
Samsul milad mangkanipun
asesunu Maolana

7. Abu Sukriya tumuli
kang sesiwi Sayid ika
uga Akhmad Kusriyahe
siring wilayat gungira
kagungan putra Bagdad
Sekh Juned kanamanipun
ahli supi ilmunira.

8. Kakutuk dening Hyang Widi
hakekat Kapangeranan
putra Sekh kang utamane
Sekh Atami kang anama
mangka peputra lanang
nama Jumadilawal iku
ingkang birahi lampahnya.

9. Amale wus anyrambahi
anut saparane tindhak
pareng tuduh sasar mangke
singa dalaning wong ika
tan beres bener sihan
gawe wot ing marga iku
darapona padha gampang.

10. Wong lumaku lan nyaosi
nyaosi banyu ing marga
supaya dadi inume
panginume wong kang liwat
ana ing dedalanan

dalan gedhe wong-wong mau
ingkang akeh wong kabotan.

11. Abot mikul den sumbangi
den buruhi tan puruna
mangka iku lampahane
yen den pukul males ora
langkung suka lan rena
yen winada remen tuhu
rena pinoyok sasama.

12. Yen den alem langkung sedih
marmane den ruru uga
Waliyullah ngembarane
Atas Angin pesantrennya
wus angiring berjamaah
ing Sekh Jatisura iku
tur sakathahe aolya.

13. Ana Atas Barat ugi
kapayu sakersanira
Jatisura ing sandhinge
lami-lami bedamian
pareng haji juragan
darbe anak wadon iku
kang nama Rara Sidekah.

14. Den aturaken mara ing
kinaturan ing jariyah
mara ingkang sing tinembe
rawuh lan tinembe prapta
kang nembe katingalan
tan liyan ingkang saestu
kang nama Jumadilawal.

15. Dermanipun jatuh krami
kaliyan Rara Sidekah

lawas-lawas sing ajodo
miyos kakalih kang putra
jalu sakalih ika
ingkang sepuh winalangun
Jumadilakir kang nama.

16. Namaning Arya Sehk Sidik
sampun diwasa perjaka
karone sampun kawanter
ing taat setiyanira
lastri asambung siyang
sabdaning ujar karuru
ing terahing waliyullah.

17. Ika Sekh Jumadilakir
langkep ing kawicaksanan
remen ing dunya semune
karemene kasugihan
dunya kawiyan bernah
patut ana warisipun
saking kaki Juragan Cempa.

18. Remen dunya Ki Dul Kodir
panyembah ing kautaman
carub layan baktine
maring Hyang tanpa sesela
samya ing Kangjengira
ing hal dunyane acampur
kalawan angabaktian.

19. Dupi Sekh Sidik kawarni
jujuluk Ihlasul Islam
kang regem mring agamane
tan nolih kang bangsa dunya
mandenge kang tumingal
maring Allah ika kusus
kawarisan terah rama

20. asal-usuling kang wali
tur martabat Kanabian
saking Jeng Rasul namane
Sekh Sidik raga sampurna
tan wanter wening manah
kaselapan ing reruntuh
pon sirik sedratan ana.

21. Amung ika kang pinundi
berkahe Sang Jatisura
kang lumampahan sedenge
tan antara laminira
Jumadilawal wafat
ing arsa Molana Guru
Jatisura Atas Barat

22. dadya putrane kakalih
Jumadilakir kang nama
lan Sekh Sidik sakarone
tanpa rama asungkawa
apamit anglalana
garegep raga angayut
karsa lola Jatisura.

23. Pangandikaning kaidin
sun dongakaken sedaya
lan donga mring sakarone
sira padha atetapa
anut paraning tindhak
mengko sira yen wis tutug
lakunira anglelana

24. sun jangjeni tigang warsi
nuli pakarepira Jumad
dadiya nakoda gedhe
ing nagara pulo Pinang
ing kono mbesuk sira

katutugan dhuweniku
padha mbruda dagangira.

25. Wekasisun yen lestari
sira sugih ati-ruwa
nabi Suleman anane
lamane kang estu ika
karana sihing Allah
lan pandukaningwang iku
Sidik mbesuk dumadiya

26. padita Paseh ing nagri
kudu gedhe ing sabaran
lakuning pandita kahot
bandinge leluhungira
ing Kangjeng Nabi Muhammad
karana Hyang Agung iku
ikulah pandonga ningwang.

27. Putra kakalih wus tampi
pangandikaning Molana
putra pamitan tan suwe
kang ibu nulya karuna
nyungkemi padhanira
mring sang paduka wewiku
lan wus sadar ing nggenira.

28. Sang guru ing Atas Angin
ngandika he sira nyawa
Nini Sidekah katuwon
maring sukma babu ika
tan esak angleng sukura
ing mangko kang wus tinamtu
uga bakal kawontenan.

29. Pasthi oleh laki maning
pandita ingkang minulya

ingkang mundhak derajate
angluwihi lakinira
kang wus tininggal dunya
kang sajajar lawan isun
ing kahote amanginda.

30. Sigra repehe kang nangis
seja ing ati percaya
maring aolya sedane
sabdane mustahil ingkang
mring dadiya asuha
renah ing manah sinungguh
suhud mring guru Maolana.

31. Kocapa Jumad lan Sidik
lampahe nguliyang simbar
saluntra lantrane amper
amper tapa ing ngalasan
kudrate ingauban
jurang sungil rejeng sintru
bumi sangar linebonan.

32. Wus kinawor lawan ipri
lelembut akeh kaprentah
siluman-siluman akeh
dadi pawongan sanakan
kira akempul mega
sabdaning duriyat Rasul
wor suh ing sekabeh janma.

33. Enggone rahayu iki
lampah tigang taun ngraga
wus dugi ing ubayane
ubaya Sekh Jatisura
dadya ika Sekh Jumad
maring pulo Pinang rawuh
pancen janma kautaman.

34. Pawitane abrebrimaneki
adol gandum lawan beras
lan dadiya ing bathine
agugulung tanpa wilang
maludhag kasugihan
ing wong sabrang padha melu
wis dhuwe kapal sawidak.

35. Gedhong dunyane beres wis
patang puluh kiri kanan
kebak isine mas inten
panuntuning kasugihan
Sekh Jumad Pulo Pinang
belabah murah kalangkung
loman pakir miskin ika.

36. Apa pituwane dhingin
miwah Sekh Jatisuwara
pan wus kaleksanan kabeh
Sidik Aolya Allah
gurune ing Atas Barat
Sunan Atas Angin luhung
badan rohani kang mulya.

37. Maka kang nama Sekh Sidik
mring nagara Paseh linular
wis ketemu panggonane
layak den gawe panggonan
enggon anjatiwara
gunung tinampingan banyu
banyu tlaga wening jembar.

38. Sekh Sidik ataki-taki
angling gusti pinanditan
iklasul Islam jenenge
kathah wong ingkang percaya
padha ngungsi beat sama

nusung piwuruke mau
sariat Nabi Muhammad.

39. Wis mashur Sekh Sidik iki
Waliyullah kang utama
Molana guru ing Paseh
orana maning mung pandunga
Ki Sekh Jatisuwara
kang guru punika wau
ing Atas Angin nagara.

40. Keramate Datuk Sidik
anerambahi paningal
ig wong sanegara Paseh
kawruh ika yen wis tedhak
Muhammad Rasulullah
milanipun akeh sujud
wong Paseh sediya percaya.

41. Tandhane sang estu wali
sang kang andura lan cara
dadya rusak datan suwe
kadya wong amamah sahang
pareng teping karasa
malah wong sabrang angestu
lamon iku waliyullah.

42. Singa kang amuri-muri
luwih berkahe anulya
selameting salakune
maring nusa bangsa liyan
yen ing Paseh kalenggahan
dening waliyullah luhung
kramate mungguhing Allah.

43. Malah tumeka pawarti
maring kang ibu Sidekah

kalangkung ing sukere
maring sukma nurcahaya
maring Sekh Jatisuwara
sidik sabda rumuhun
dene tan sisib saderah.

V. PANGKUR

1. Wonten gantining carita
dhateng carang kaping pat saking panging
Carub Kandha kang winuwus
pun bangsa kanabian
kang kaping kanabian Rasule Rasul
satuhu miyos pamulang
mring manungsa jaman akir.

2. Genthing tan kena apegat
agama Rasul teka dina kari
telas-telas lah ing mbesuk
tuduh arep kiyamat
selagi masih ana agama Rasul
lagi langit tan rubuha
kacangking agama Nabi.

3. Mbesuk yen rana agama
Rasule Rasul tetep ana bumi
sing sangkan-sangkan wau
kang rawuh kang samiya
angrusak ing saisine bumi iku
sabab tan nana agama
dhateng tumekaning sirna.

4. Awit ilange agama, beresih lan lenyep samiya basmi,
marmanipun umat mau
ing jaman akir ika
wajib bekeling mring agama Rasul
lan aja ninggal agama

malak mandar slamet iki.

5. Sing dunya rawuh akerat
margi saking agama Rasul iki
apa-putra estri iku
Ratna Dewi Patimah
adi linuwih kumangka kang asusun
Kusen ingkang kajenengan
nemu putra alyasneki.

6. Guru dhateng ingkang putra
Maulana Akbar ing Pulo Api
kang misesa setan iku
pangresaning agama
sabab iku mangka nuliya susunu
Maulana Tamim Mulya
anuliya ika Tamim,

7. kagungan sunu Tamim ika
Maulana Idopi kang anami
kang sanget tapa amasuh
kocap abanting raga
sambung lastri ajaja baya pakewuh
wateke ing wong kang iklas
ora kagungan kuwatir.

8. Ora maras sandengira
macan dienggo dedolanan api
tan ora manasi wau
terus kaling-alingan
sajroning bumi bus guwa bus ing gunung
tan ana ing ngampahana
salampahe ambeneri.

9. Kang jinujug ora nyimpang
malah singa ingkang katrajang nisi
sato galak samya ampun

tan teles dening udan
wisa bruwang tan mandhini lan tan wanuh
kuwasa ngambah samodra
kadiya daratan ugi

10. Lelungan sakedhap netra
mendhem ing buntala manggih negari
sakesahe kang dumulur
wis kadiya Malaekat
sinusupan mring jalmi ingkang wau
Maulana Idopi wus lenggah
mandita gunung Surandil.

11. Kasebat Sinuhun ika
Sekh Maulana sinujudan dedemit
lelembut jin darat laut
kang samya kaparentah
angebakti ujaring wilayatipun
Maulana Idopiyah
sampun mashur dados wali

12. ingkang luhung sang Maulana
Maulana Guru ngarga Surandil
minggir ing Banawi wau
mangka wangsiting Allah
maring abdi Maulana Idopi iku
ana suwara tan rupa
he rabiya sira Idopi

13. randhane Jumadilawal
alapen karana pawestri bersih
bersih suci taat luhur
lan wus ana pawarta
baktining laki lawan baktining Rasul
wis kasuhur wali janma
wadon ngeramat mring laki

14. naminipun Nyi Sidekah

maring sira kapengkuh lan kinasih
lan sira sakutu laku
Idopi sang Maulana
karo ayis ngambah saluhuring banyu
sampun kadiya daratan
ing sakedhap wus prapti

15. ing panggenan Sekh Maulana
Jatisuwara ing Cempa Atas Angin
Jatisuwara wus ambu
lan iku wus uninga
bakal tinamuan wali wus kawruh
enggala sira amapag
kinanthian maring margi

16. rawuh alinggih sajajar
sasawangan maring imbalan kasli
Sekh Jatisuwara tambu
darbe estri kawula
krana Allah kula dening tiyang katur
inggih supami kersaha
kinabul kula dumadi

17. ingkang kangge saben dina
akersaa nyangking dikir lan suci
Maulana Idopi muwus
tiyang singgih lah tuwan
miyos punika mboten ping kalih kayun
pon ing sadeng kula ika
baktosipun kang pinirih.

18. Sukur yen sampun kauringan
samya kawruh kamurahan sejati
lan waspaos maring kayun
tan dangu Sekh Suwara
anyeluk marang sang Nini mau iku
tan antara suwe prapta

anembah sang Nini putri.

19. Nini Sidekah anembah
Sekh Jatisuwara enggal ngadhepi
Nini Sidekah wus weruh
saderenging winarah
dadiya enggal mendhek mring ramanipun
matur yen suka kaula
tan ana kuciwa sami.

20. Ika laki sang Maulana
lawan enggale sang Juragan Haji
medhek ngormati salugu
dhumateng sang Maulana
Maulana Idopi angling lan tuhu
inggih kula trima sarengan
ngawula dhateng Hyang Widi

21. malak mandar samya tekang
mbesuk manawi kaduluraneki
sakeh hajat kulanipun
kula drema lantaran
kang pinasthi takdire Hyang Widi iku
tumulya Nini Sidekah
angunjungi mring hyang kersa

22. ing Sayid Idopi ika
arsa tunggal sakayun enggal iki
gancang pamit karidon wus
ing Sekh Jatisuwara
kabaktine Nini Sidekah kang gupuh
dening ika Maulana
kalihan garwa wus prapti

23. ing sagara kadya daratan
karo sang maha wiku iku kakancik
ing Surandil panggenipun
pangregeping ika

wara lami lan lamining ingkang sampun
ngaurip Nini Sidekah
babar miyos putra estri.

24 Siti Aminah anama
tan lami medal putra jaluneki
katelah Sekh Kuro iku
lami-lami agesang
Sekh Kuro wus merjaka lan wus cinangcut
tatag kalawan trengginas
langkung arum lan mawangi.

25. Suhude mring Hyang Kuwasa
tabaruke ingkang rama ingkang yekti
kang tuhu rembesing madu
Rasulullah sanyata
terahing kusuma terusing akalbu
sang Sunan ibu lan rama
lungan lelana negari

26. mangun tapa bratalama
tumpaking manah suh dira hini
marang suka rama wau
wus angidini ika
sarya sira awewekas maring kudu
he Sekh Kuro pakoningwang
saiki pan sun janggeni.

27. apertapa telung warsa
wus tutug sira dadi pandita iki
ing Pulo Jawa alungguh
namanipun Karawang
tepis wiring lungguha ana ing riku
lungguh sayekti ing jalma
Pajajaran dhuking asli.

28. Sa Karawang murukna
ilmu sarengat Kangjeng Rasul iki

sira kang pinangka mau
menawa kang kalipah
sewaktune mbesuk tumiba ing pungkur
wong Jawa padha tinata
manut Islam kang dumadi.

29. Kabar kang wonten kahanan
Sekh Kuro sesampune tamat ilmi
wangkiding rama sinampun
nuli samya pamitan
dinulur tumindhakanipun rahayu
tan ana durganing baya
pakewuh datan paruni.

30. Lepas lampahe sang tapa
wonten dhateng sabrang wis den jajahi
ing sagenahe mampir wus
pulo manca nagara
kramate Sekh Kuro kon amangan ing laku
supaya dereng kersaa
njengjemi lan alinggihi.

31. Maksih remen angumbara
anjajah desa negari Bawangin
mampir ngalap berkahipun
dhateng guru kang utama
Sunan Atas Angin ika putra weruh
Idopi sang Maulana
lunta lampahipun iki.

32. Sekh Kuro angalap sanak
ing Paserah marang dhukuh kidul nagri
pan uning Sekh Kuro iku
saderek ibu tunggal
sedhep anggone saduluran kayungyun
datan lami wus lumunta
Sekh Kuro Pulo Pinang mring.

33. Wus ketemu lan Sekh Jumad
nyata juragan gedeng ing nēgari
pun saderek kang sabiyung
sedhep saseduluran
tan lami tumuli ngejawa ngelamur
ujung kulon ing kapernah
jajahan Pajajaran ing

34. kang munggul ngarah pertapa
lamine telung taun anjejegi
nulya sira angedawung
wangun tajug pamulang
pamulangan santri wonten Krawang sampun
gelar ingkang berjamaah
wong sing sabrang padha prapti.

35. Angramekaken madrosah
mulang Sekh Kuro ing santrine iki
santri wanodya mituhu
langkung pelag cahaya
gumilang kuning estri punika wau
saking sabrang Singapura
kang ngasta cinangking nini

36 Subang Kerancang utama
ayu sedhep teja gumawangneki
suwara luwuh aguru
marang Sekh Kuro ika
ing Krawang suci tan nana iblis ngaruh
wis pengraksanan ing sukma
bencanane jumeneng wali.

VI. PAMIJIL

1. Nem carang ping lima dhateng riki
ing Carub Cariyos
wong Nusa Jawa asal-usule

saking Budha kabeh kang yuganing
dewata kang latip
samya jasmanipun

2. Luhur kang samya linuwih iki
kaya sipating roh
sabda ning dhingin asal-usule
asma kang tan kenang lali iki
satata isining
ngarasing Hyang Agung.

3. Tan rusak sandenge urip
kahare Hyang Manon
gawe warna rupa sajen-sajen
alam goib lawan alam dohir
sakabeh titahing
ingkang Maha Luhur.

4. Mula angucap Robbil alamin
ing alam sayektos
ora dinya bae mapanake
wus pirang-pirang kethi alam ing
saking bumi langit
ingkang apepitu

5. Sejene kang iku akeh malih
kang ginelar tinon
angluwihi dunya ing baguse
mas sasoca tan bisa nyaingi
den rawati saking
enggonipun iku.

6. Kawruhana ing Nusa Jawa
asal saking kuno
tunggal abdining Widi jatine
ora nana kang kaliwat saking
kodrating Hyang Widi
kang gumelar iku.

7. Prabu Galuh ing Jawa sesiwi
sang meraja Anom
Ciyung Wanara dhuk kekasihe
ing Pajajaran kang angratoni
apeputra dewi
Purbasari iku.

8. Dewi Purbasari ingkang asri
serep angajodo
aputra nenggah kang winawangen
Prabu Lingga Hyang kang asakti
kamashur sayekti
tan papak pinunjul.

9. Makutane Sundą kang rumihin
lan ingkang sayektos
punika apeputra prabune
Prabu Lingga Wesi kang utami
kang tumurun maring
sang ratu puniku

10. aneng Japura gemelung nuli
iku kacariyos
iku sesiwi nama prabune
nama Prabu Wastu kang anami
apeputra ugi
kang anama Prabu.

11. Susuk Tunggal kang jejulukneki
sasmitaning katong
apeputra tiga jalu kabeh
Sanghyang Madurasa kang anami
lan Munding Kawati
kang sesiwi niku

12. lan Prabu Sri Anggalarang ugi
maha raja katong
Prabu Siliwangi pan jenengane

ratu Pajajaran wekasaning
Budha iya iki
kathah pura iku

13. kang kathah putrane kang winarni
sesunu kang miyos
sang Dewi Meraja Larang nenggeh
ingkang anami sang Prabu Resi
kang mernah mring iki
ing Rajapolah mbesuk.

14. Dupi putra ingkang miyos saking
garwa Selateja
pinancar ing Pariyangan kabeh
Panembong lan Batulayang haji
putra ingkang mijil
lan ingkang satuhu

15. yaiku saking Dewi Langenpring
Layang kang ing mangko
anuruni mring kaprabon mangke
kang anama Prabu Batuwangi
lan malihe iki
satemene iku.

16. Lan uga malih ing Gunungsari
ing Jumajang kono
gunung Munaradi ing saweneh
Cibulagung lawan Lewimunding
Pagagan Ler iki
lan Plered iku

17. kang ana ing Cianjur Medangsari
lan ing Ujungkulon
Bandung Garut Pamanukan Ciasem
Ciasem Ler ingkang sapuniki
putra Karangsari
ingkang miyos wau

18. angeseni sapunika mbenjing
Sunda Larang mangko
kula saanak putu marmane
dupi uga saking Buniwati
apernah wates mring
Cangkuwang Cihaur

19. lan Timbangaten punapa malih
putra siji miyos
Sang Ratu ing Cilutung prenahe
Kajaksan Cirebon Cipamali
Cangkol Ender ugi
dupi putra niku

20. ingkang saking Rara Mindayadi
tumurun tumaros
marang Katimangan ing ukire
ing Cikakak enggone puniki
ing Cirongkahneki
sedaya kang sampun

21. ing Limbanggedhe putra amijil
miwaka bupatos
saking Mayang Karupadi neja
marang Kasunan Talaga iki
bupatos ing ukir
ika kang tumurun

22. Dupi putra ingkang miyos saking
endi lan sayektos
iku saking Rara Silumane
Rara Siluman Sri Tanjungbang ing
kang tumurun maring
sedaya puniku

23. Lawan malih ika kang sawiji
ana ing Cilakbok
ing regamang Pakuwan Gedhe

Guwa Upas kinarananeki
lawan ana maning
sejatine wau.

24. Guwa Sancang nenggah kang semedi
tumuruning Onom
miyarsa warta ing Krawang mangke
dupi mengko Prabu Siliwangi
ana santri merning
kang kawentar iku.

25. NyiMas Subang Keranjang anami
asal wijil kahot
Singapura kang kapernah aneng
ayu tumulus tan ana ciri
kamashur linuwih
sedaya pinunjul.

26. Ora ganti pamutusan adi
pamundhut kinaryo
kinarsakaken ing papadhane
ingkang katur punika kang santri
mulus ayu estri
kang pinuja iku

27. ing kraton Pajajaran puniki
kinasihan pandom
dening Haji Subang Keranjange
anggarbeni babar asesiwi
langkung pelag asli
asesiwi jalu

28. Cakrabuwana paparabneki
kinarsa kang katong
adhine Rara Santang namane
mangka kang waruju kang anami
Raja Sangara iki
putra kinatelu.

29. Padha tumurun maring pamikir
wosing nyimpang pandom
ora nurut maring kang ramane
samya miturut grenjeting ati
remening putra tri
tan nurut sang prabu.

30. Marang Islam klawan para santri
santri Karawang manggon
nyilib-nyilib saking hajine
mring Krawang guru sajumah tilik
matur tigang siki
tan kelalen ibu

31. sawuruke guru Krawang maring
mangsuli Hyang Manon
malah cabalukan kudu dhuwe
laki ramanira katong iki
si ibu klalen mring
wuruk Krawang guru

32. atakeran taun sih wus lami
kang jumeneng katong
mung kari iman ing ati bae
sapa tumandhang aning sayekti
yen kawruhan iki
tumandhang si ibu

33. Lan konangane wong kang pinasthi
ana muslim ing kraton
si ibu nyandhang lara patine
dudu karkan remenira haji
endhas den peteli
den surak saestu.

34. Yen dadi sangare kraton iki
Pajajaran kraton
dumadi kupar sanget anggere

iya soteh ora dipiduli
kraton sejabaning
bagen kang aweruh

35. Kaya ing jeng kilen Banten nagri
ana muslim mangko
tan pati katiti ing galihe
sang prabu kang aneliti pati
putra sakathah tri
ature manis arum

36. sang ibu nenuhun enggen paring
ingkang rada adoh
saking pura kang tan sinandhinge
asal iman islam kang pekoli
dilalah kersaning
nenuhuning ibu.

37. Sang ibu ingkang nenuhuneki
Banten kang darapon
harjaa tekeng akhir-akhire
sang Dewi Subang Keranjang iki
angling waktu iki
isun durung sanggup.

38. Embu tala yen sumangke benjing
manawi kalakon
ramamu kawulura atine
mangke putra tiga kang dumadi
kulina ing wisik
ing Krawang laku.

39. Ora kalawan sira kang santri
ing Krawang sagolong
ana ing madrosah angenggone
Sanghyang Guru Kuro ing Kerawis
lawan puji-puji
sanghyang guru iku.

40. Sekh Kuro paningalipun mijil
He ya putri wadon
Nyai Rara Santang jenenganane
sira kang ajodo mbesuk iki
ratu saking Mesir
dhuwe siwi agung.

41. Kang dadi Molana Gunungjati
amapan samono
takdire sukma tan kena geseh
iku mbesuke kang mikuwati
anglindih purbaning
Pakuwan atempur.

42. Cakrabuwana miyarsa angling
kang kalangkung ngawog
dening Sekh Kuro dening pambadheke
tan amanggih gilang layang sangkrib
nyata celak-celik
kang putra tetelu.

43. Putra tiga Pajajaraneki
mlesitaken wartos
marang kang ibu girap kagume
ing wuri ika amamacuki
sira den akikib
aja tutur-tutur

44. marang singa wong karana iblis
pangaruhe awon
mbok manawa bae ana salahe
sanggi amarga sira puniki
datan wurung dadi
pangaruhe mau.

45. Nggawa bilahi ananing diri
raksanen kang mangko

Subang Kranjang aningali mangke
putra tetiga tan kena sangkrib
genya ngangkah muslim
sagenahe iku

46. ilok celamik nebut Hyang Widi
kang ibu kawaktos
menawa kapiyarsaa bae
maring kang rama lawan narpati
ora wurung dadi
rube manahipun.

47. Dewi Subang pikire sawengi
sun angleng samono
malar adoh bae maring Banten
patut wus dadi sanḍenging siki
sun teranggep iki
matur mring sang prabu.

48. Prabu Pakuwan sinandhing liring
dhuk kalasa ing pakon
lan munudu mulur-mulur bae
kersa Subang Kranjang den duluri
ing baten mapuri
adat kang salugu

49. binaktanan mantri panaryogi
kawan dasa kliwon
pinangka ken njaga karsanane
ing salinggihe sang dening resmi
miwah putra haji
ing Banten kang katri

50. sampun dumadi ing Bateneki
dadi nalendra wadon
ingkang ana ing keraton sejene
tan ana ingkang malang tumuli

mantrinipun ajrih
ing sedaya niku.

51. Arsaha mijil dadyaning ati
putra kinatelon
ing panempang panempalan kilen
ora anut ing ramane haji
tan idhep mring agami
ing agami Galuh

52. pangangkane tan idhep mring muslim
durung sak ing kono
masih ngirangi kerandikane
ingkang rama mbok bilih menawi
tan nyelameti
dhateng Hyang Satuhu.

VII. DURMA

1. Carang kaping nem saking panging punika
Carub Kandha Islam ing
terah nabi ingkang
pariksa maca Allah
kawarisan ika saking
gusti Bagenda
Ali mantu Jeng Nabi.

2. Adil sajejege enggonipun ika
akeras ing fosaning
kang berbudi ika
karana mring Hyang Sukma
datan ana ingkang uning
kang sinembah
mung Hyang Sukma sejati

3. Ingkang tinawaju ing ati punika
lan kang sejen pangasih

durga sinantaka
pinantepan nggenira
wong kang tanpa endaneki
manah angakas
apegel wong kang becik

4. ala ing alahan kukutan kang kena
megeng sarengat nabi
ing purba wasesa
datan angepalangan
kang manteping sukmaneki
ingkang atunggal
lan kinasihan dening

5. Hyang jumenenging wali ingkang utama
pinangka mutlak wakil
nabi akhir jaman
para wali sadaya
kang lembek kang akas wali
lan waliyullah
ana ing manca bumi.

6. Kadiya ing winarni ana iang nusa
Rasulullah puniki
peputra Patimah
Patimah apeputra
Kusen ingkang asesiwi
iya Sekh Imam
Imam Jaenal Abidin.

7. Mangka Imam punika peputra uga
Imam Muhammad Bakir
kang mbuka sadaya
ing ilmu karan nukhat
mangka ika asesiwi
ingkang peparab
Kodir Kaelani.

8. Nyekel Robaniyah mbeneraken marang
Somading Sukma iki
nyekeli urip kang
Sultoning Jin lan manungsa
ing sajagat iku nuli
lan apeputra
kang kasebat anami

9. tan liyan iku Sekh Maolana Isa
ngamalaken turu ing
wonten Baitullah
telung taun lawasnya
padhang lunangan tingali
Sayidi Isa
narawang ing pangakti.

10. Sawunguning nendra dumadi anglana
ing alam nahi goib
padhaa kajajah
karsaning waliyullah
darat laut sakathahing
demit kajajah
kaprentah suka asih.

11. Suka lila mring sanak karamatira
ing sagenah wus dohir
ing wali punika
maring sing pulo Sirang
Sekh Datuk Isa alinggih
ingkang kahanan
dhatang pulo Malati

12. samya wus katingal ing purba wisesa
akeh wong agung sami
percanten ing manah
sang wali lawan ika
kang panas baran puniki

kang barangsangan
ing kramat watek geni

13. nanging datan kena den idhek wayangan
lampah sacipta dadi
sapandikanira
pon akeh anemahan
adan ing dalu ing wanci
Sekh Datuk nyupena
ana kang ngerawuhi

14. Asung wasiyat sira kinen akrama
putra Maulana Idopi
lan ingkang anama
wau gasik Aminah
Sekh Datuk Isa puniki
wungu anendra
mulat ing pernah iki

15. ingkang ana ing gunung Surandil ika
wus tumingal ing wali
pinuji ing tiyas
sira Datuk punika
dadiya kawan puniki
karingkes mangka
iku gunung Surandil.

16. Katon Malaka kaya tan salempatan
ora nganggo mring kali
kali sacelengan
lampahe wali ika
lan wus linempatan ugi
ana ing kana
ing ngayunan Sekh Jati.

17. Maulana Idopi sampun uninga
ing Datuk kang tekaning

enggala anabda
Idopi Sang Maolana
He anak katuraneki
sawingkingira
abekti kang nastiti.

18. Pecil kula estri kang wasta Aminah
sun jariyahaken mring
anak Datuk Isa
kaimpi ora ingwang
rupane Ki Sekh Idopi
rawuh supena
kita nyata saiki.

19. Iki wali sidik kang wis kataruna
sambat pujine dening
Allah ajawajala
dadya enggal anabda
kang rama Sayid Idopi
kawula nrima
ing jariyah puniki

20. jariyah sampeyan kang Nini Aminah
kaangken kang sejati
nuhun amit kula
sapuniki Aminah
kula bakta dhateng iki
bumi Malaka
Maolana Idopi

21. sabdane ingkang langkung karsa sakarsa
andika kang anyangking
dunya lan akerat
kula luwih percaya
luwihana mengko iki
anggadhah putra
lamon mbesuk sesiwi

22. lanang sampun cinidra lan wastanana
Datuk Saleh puniki
anggantos ing benjang
ing sirnane andika
Datuk Saleh anggumantri
alinggih ana
Pulo Malakaneki.

23. Poma wanti-wanti iki sampun lupa
yen si aputra istri
paran ingaranan
kawasta Rara Panas
dhawuh rama kang kapundi
malah anthuk arja
barkah jeng rama ugi.

24. Ingkang kawula apti amuwuhana
tabaruk nyelameti
dunya lan akerat
sigra Nyai Aminah
anyandhing lan angunjungi
dhateng kang raka
tan dangu candhak dening

25. Datuk Isa anuli kinempit sigra
binakta anglempati
segara kang bandhang
ing kana kalempatan
ing Pulo Malaka prapti
ing nggen mandita
Datuk Isa linuwih

26. ing suhudira maring Hyang Maha Kwasa
lir segara robneki
pan dhuking ulama
samya ngungsi sadaya
berkahing Sekh Isa iki

para aolya
kampir musawarah jati

27. ing ilmu tekad kang kamashur punika
mashur mring pundi-pundi
rawuh mupakatan
berjamaah agesang
Datuk Isa asesiwi
Nyi Rara Panas
Rara Panas linuwih.

28. Pareng tumuduna tan angsal akrama
ilok medali geni
yen den ambung dadya
kalawan ingkang muntab
amanasi ingkang laki
miwah yen arsa
den jimak medal geni.

29. Saking iku dadi wurung kang sanggama
panas marmane iki
wuduh tanpa angsal
krana tumuli ana
wangsite Eyang Idopi
ing Rara Panas
tan pati-pati laki.

30. Yen ora kalawan anake Sekh Kora
guru aning Kerawis
mbesuk ingkang aran
nama Ki Jaka Tawa
datan antaraning lami
Sekh Datuk Isa
nengge kang putra malih

31. ingkang lanang lan ingkang wus winastanan
Saleh ingkang anami

wusing kang merjaka
wanter atapanira
apa rama kang dumadi
mangke Sekh Isa
wapat kang sirna urip.

32. Dadiya Saleh kang anggantos kang rama
alinggih maha mupti
ing Pulo Malaka
kapanditane ganal
ganas panasbaran kapti
lan barangsangan
apa dhawuhe kang dhingin

33. adate ingkang rama den tiwa-tiwa
wawasan geni linggih
mashur namanira
Datuk Saleh ing Malaka
ing lami-lamining urip
nuli peputra
aputra ingkang estri

34. warna pelag Maulana Idopi ika
aparing nama maring
putu wanodiya
nama Nyi Panguragan
kang sucinira jenenging
resik abadan
sampurnaning kang rupi.

35. Nama ingkang suci nanging akas
manah kaku akikib
datan darbe pisan
lumer ana ing manah
sajejeging kang pawestri
nyimpen wewirang
salamining ngaurip.

36. Ora kersa bae yen manibu lanang
wus takdiring Hyang Widi
ajajah sanggama
maning yen kersaa
lagi kasenggol pon beli
kajaba ingkang
mukrimipun pribadi.

37. Yen Aminah randha ing pinjung Malaka
sampurna mitututuri
dhumateng kang putra
Datuk Saleh winartan
ken kakangira puniki
si Rara Panas
binanek dening kaki.

38. Kakangira Sayid Idopi Maolana
yen ora pati-pati
laki yen oraa
lan putrane Sekh Kora
Maha Guru ing Kerawis
ingkang anama
Ki Jaka Tawa mbenjing.

39. Lah lurunen ujar iku dening sira
Datuk Saleh mangsuli
he ya ibu amba
mboten susah pinalar
benjing ga rawuh pribadi
barkah Jeng Eyang
Sekh Maulana Idopi.

40. Cep kendel angandika ingkang samana
Ki Jaka Tawa prapti
putrane Sekh Kora
guru kang aning Krawang
basaja matur amundi

Ni Rara Panas
badhe angangken rabi.

41. Suka sukur ing mangke randha Aminah
kang sampurna akawin
Nyai Rara Panas
layan Ki Jaka Tawa
ana ing Malaka nuli
careming krama
sami pamit ngejawi.

42. Sinukanan Nyi Rara Panas binakta
mring madrosah Kerawis
ngetutaken lanang
sarta kang kapondhokan
pawestri ingkang pernami
Nyi Panguragan
binakta ing-ajawi

43. Tumut maring uwa wadon Rara Panas
marmane ika sami
padha aning Jawa
malah-malah ing Krawang
atur dulur beragami
karana Allah
berkahe sang awali.

VIII. MEGATRUH

1. Carang ping pitu saking pang Kandha Carub
mangka terah nabi wali
kang lampah kelalu-lalu
deng sengiti dening yogi
pon wus kadare Hyang Manon

2. Marmane ingkang akir tundhung-tinundhung
apepolos miwah purik

kumatuwon tanpa muhung
kamisasat dedarbening
kawula ngarod ing uwong.

3. Nadiya wali nabi anapon ya kudu
kagungan ngarod ing jalmi
mula wali dadya metu
karamate iya dening
napsune kang kamisosot.

4. Mangkono uga nabi dadi neng metu
mukjijate iya dening
napsune kang marang laku
supaya iman ing wali
tinarima ing Hyang Manon.

5. Mangkono uga iman Jeng Nabi Rasul
rinaksa dening Hyang Widi
mokal yen lawan panghulu
satemene iya tunggil
ngadat tabeating uwong.

6. Mapan tunggal kasedaan dhuwe napsu
rengu awelas ing ati
miwah papekae napsu
maring pangan maring wati
kaya apa adating wong.

7. Rasulullah marmane ika sesunu
Ni Patimah iku dening
ana napsune amangun
tresnaning alaki rabi
Patimah pan ya mangkono.

8. Marmaning aputra Kusen dadya putu
kang maring Jenal Abidin
kaduga lumuta buyut
Jenal Kubra apa maning

anyanggakaken sang kahot.

9. Jumadil Kubra nuli ika asunu
Umdah raja aning Mesir
mangka Umdah Maulana Hud
ingkang niku kang dumadi
sultan Bagdad langkung kahot.

10. Pandita ratu ginotama aluhur
ngukuhi sarengat Nabi
khawasul khas kang kalangkung
sampun andarbeni siwi
sakawan paparab ing wong.

11. Sekh Maulana Abdurokhim ingkang sepuh
iya iku ingkang benjing
ing Jawa ingkang sinebut
Pangeran Panjunan Sakti
singgih aprawira kahot.

12. Arinipun nengge ingkang ajejuluk
Sekh Maulana Saripudin
kang mbesuk sinebut-sebut
ing Jawa dipun wastani
iku Pangeran Pelangon.

13. Arinipun kang malih ingkang wilangun
Nini Rara Bagdad luwih
prawira abawa ratu
lampah kang tini laduning
Dewi Kuresin sir ning wong.

14. Mbesuk sinebut prabu Raraning Ayu
mangka rayinipun malih
jaler ingkang winalangun
namane Sekh Datuk Khapid
mbesuk kang sinare ing nggon

15. ukir Jatos kang ana ing pinggir laut
kocap putra kawan siki
kabeh padha remen gembyung
uga terbang ingkang mawi
den tembangi dening uwong.

16. Saben dalu kongsi lali dahar turu
lan enggenipun birahi
anebut asma Hyang Agung
pinatut terbang lan gendhing
umbul-umbulaning uwong.

17. Berebu berlaksa Bagdad ingkang mungsung
salampahe kang birahi
angen urung saban dalu
ngereng-ngereng jaler estri
saenggone galang golong.

18. Klawan putra papat ing saban dalu
kabeh uwong padha lali
solat puasa tan purun
ngemongaken gradag-gridig
ngilmu supi kang den enggo

19. Kang jinujug patapakaning aluhur
jarah maring rodat sarip
kang den genahaken laku
lan jarah ingkang asingid
gradag-gridig lanang wadon.

20. Meh kalindih sarengate maunahud
dening kang laku birahi
langka wong kang padha saum
padha sungkan solat ngaji
ngelmu supi kang den enggo.

21. Dadi ora apik sabarang ing laku
cemera kang den kasihi

pirang-pirang warna asu
ingkang belang ingkang putih
ingkang tutul ingkang riwog.

22. Den kalungi dinar lan den puja iku
den ajang piring kang adi
den guyang den sandhing turu
den sandhing enggone linggih
nginthil mring saenggon-enggon.

23. Putra sakapat pun sakutu ing laku
padha dhemen ing kekerik
aseruh tapane gempung
kekirike den waregi
dheweke kang luweh kosong.

24. Yen dalu tanpa turu padha agembyung
gendhinge awarni-warni
bebanggene layung-layung
lenyep agayuning ati
brangtanira ing Hyang Manon.

25. Amor kalawan artikeling mring gembyung
lan mayeng sawengi-wengi
sakalawargane kumpul
ragem sakulabawati
berjamaah lanang wadon.

26. Yaiku kang dadi bendune sang prabu
maring putra apepenging
aja laku kaya iku
isun ora angidini
sir laku kang mangkono.

27. Krana iku dudu sunahe Jeng Rasul
iku dadi amateni
ing sarengat kangjeng Rasul
kaparentah lah ing mangkin

sira dhemen ing mangkono.

28. Klawan aja ngingu kekirik puniku
saestu ya sesengiting
Malaekating Hyang Agung
padha marenana kaki
laku kang kaya mangkono.

29. Putra papat masih lunta andalurung
ora kena den ampahi
dening kang rama sang prabu
kaduga den penging maning
parandene datan kampoh.

30. Maksa bae ambesur tan krungu tutur
malah sayah nemen iki
amundakan saking mau
klawan bae meh kalindih
prabu wisesa sang katong.

31 Maolana Hud kalangkung bendunipun
maring putra patang siki
angandika lawan napsu
sira mampusa saiki
sun kisaken dening ingwong.

32. Sira isun aku anak kang satuhu
saking dohir tekeng batin
ja ngaku bapa ing isun
manira wus ora sudi
ning sira wusageh mantog.

33. Pacuwan sira lamon kandheg ing dusun
ing Pulo Arab sayekti
ora dadi sukanisun
nyabrang ingkang atebih
laknat sira aja katon.

34. Teka sira maksih anang jagat ingsun
sun tumpes sira ing mangkin
ya ta putra papat sampun
reringkes padha sawengi
kapal tetelu kang momot.

35. Raja brana kagungane kang den usung
maring kapal wus aniti
lan sarta sawarganipun
telung kapal angebeki
nedha panggon wus kaemot.

36. Kawula agung sadaya kang atumut
supaya den adang dening
gulang-gulang lan sardhadhu
kang kacandhak iya balik
kang ora kena ya morod.

37. Maring kapal layar madiyaning laut
angambang ana ing tasik
awindon takeran taun
salawas ing jaladri
sarya pertapa ing kono.

38. Milane karamatipun dadya timbul
kulawarganipun sami
lamon amatengi sekul
yen wis den kedhuk den tedhi
nyumber datan entong-entong.

39. Iya iku kang wonten karamatipun
ing genthinipun ambarkahi
maring kulawarganipun
krana putra papat sami
kalangkung tapane katong.

40. Maksih gembyung yen dalu tan ana turu
aning madyaning jaladri

jin akeh padha aturun
lelembut aneng jaladri
akeh sami welas amor.

41. Lan aning palwa Abdurokham ing laut
wus kadya jagat pribadi
mila sami kraos idun
ing prabu kaliwat saking
nikmate sihing Hyang Manon

42. Mila kocap dening kulawarganipun
yen Abdurokham samangkin
raja utara kang tuwuh
ing palwa awor lan angin
lelembut angin apanor.

7. Sami kenceng nggening tolibil ilmi, sampun dadya pinter sakathahe kitab, adan lami-lami nuli, Raden kusen, ayun ngawula ya mangke.

8. maring sang Siri Nata Mospait, wus sinukan lan idin Molana, Susuhunan ampel Gadhing, Raden Kusen, wus katarima sembahe,

9. Pangabdine maring Ratu Mospait, wus katrima marmane pinarcaya, nyepeng pecat tandha kunci, kocap nami, Dipati Pesat Tandhane,

10. atawa Dipati Teterung nagri, kandaga lante lan payungira, kinongang duwe pepatih, ing negari, Teterung iku purane,

11. Dadi kutha nagara Majapait, karana kalangkung prakosanira, teguh antali krama wis, kocap dadi, prajurit luwih saktine,

12. Andel-andel pakuning Mospait, dupi kang raka Rahadyan Patah, remen ngaji ing ngarsaning, sang pandita, Hyang Guru ana ing Ampel,

13. Kuli-kulina lan para wali, bertapa ambek darma lih lampah, atiwa-tiwa wawarsi, lami-lami, Raden Patah aturane,

14. basaja mring Sunan Ampel Gadhing, mbok punapa Ratu budha Mostikta, persami kita perangi, mapan kening, kapir den jarah artane,

15. Winetokna getihe munggeng hadis, mboten dosa kita ngrusak kupar. darapon mulus kang agami, Mahayekti, mesem Sunan wangsulane,

16. Pa Kyai aja sira sugih wani, karana salungguhe Brawijaya, ratu gedhe tur linuwih, murba maring, nusa sabrang sagedhene,

17. Ora ngemungaken bae iki, pulo Jawa rong perkara ika, ora menging ing agami, den duluri, sakarep kita agawe,

18. Apa kang dumadi cuwaning pikir, lan esak atine mring wong Islam, sakabeh pandita muslim, den wenehi, kendaga payung lan lante,

19. Lan cacangkok den lulusaken ing, darma iman tan den

unasika, telung perkarane maning, mbok tan uning, sira pon iku putrane,

20. Ibunira selir Majapait, wus dewasa meteng nembene rong wulan, nuli ibunira den sih, aken maring, Ratu Palembang sangkane,

21. metokna sira sanyata dadi, Nata Palembang dudu Ramanira, mung tarima ngopeni kang sayakti, Ramamu kang sabenere,

22. yeku Brawijaya Majapait, mula aja duwe manah sasar, isun ora angidini, yen saiki, embuh ta lah ing besuke,

23. Yen tan ana umur isun urip, wus sakarsanira ambabana, dupi adhinira Kusen, kang sayakti, temen yaiku putrane.

24. Nata Palembang ingkang sejati, weruha dadi sadulur mera, maring sira kang sayakti, balikan si, sira rabiya ing kene,

25. Putrinisun wadon ya si nini, ing Malaka nama Rara Bulsa, tampanana bapa kyai, sira cangking ing temen dunya kerate,

26. Nembah matur Raden Patah nampi, ganjaran Sunan ing Ampel Dhenta, marmane ika adadi, anepung sih, sinihan ing sacareme,

27. Wus lami sabdane Sunan Ampel Gadhing, sira Patah prayoga dhudhukuha, amulanga ilmu jati, sun tuduhi, ngulona sira den ageh,

28. Mangko yen ana galagah wangi, alas kang caket desa Bintara, angurip-uripi santri, den dumugi, maring salunta-luntae,

29. Yata Den Patah lampahe riri, ngulon manggih alas kang galagah, ingkang ambetipun wangi, ika nuli, den nuli padhange,

30. Wus dadi pamulangan agami, kathah kang tumut santri ing kana, umah-umah sawatawis, umah saking, rong laksa dadi wus rame,

31. Ngadheg jamaah wus kadi nagari, jembar wera a-geng wera ulama, saking sabrang saking Jawi, ambedami, musawarah ing ilmune,

32. Kasebut wus kang sami ngarani, ika genah pamulangan Demak, akeh santri padha ngungsi, ing wisik jati, ing ilmu kang sagedhene,

33. Kapiyarsa ing Ratu Mospait, yen ika kakange Pecat Tandha, wus angumpulaken santri, akeh ngungsi, tabaruk kawidagdane,

34. Kagiri-giri rehing angungsi, sampe kadi kasor kang Nagara, cipta bara jiya pikir, baya iki, lah titis isun bengiyen,

35. kang sumanggah mring Plembang lah iki, kadaryan timbul titis kang nayata, kang mangasih buda iki, krana iki, kang sayogya ya warise,

36. mring bawa laksananisun iki, ing benjang ngagoib tan uninga, sampun samya katiti, ing benjing, sang Ratu para ciptane,

37. Nuli gelar Brawijaya maringi, kandaga lante payung kawibawan, maring Raden Patah adi, kang alinggih, aneng Demak pasantrene,

38. Sarta den jungjung lungguh anami, sinambat Arya Renggah Bintara, apa dudune bopati, apapatih, Ki Wana Salam namane,

39. Harja ing Demak Resi Binupati, wus sapantar lan ing Gunung Jati, ya, pon pandita binupati, sami-sami, agung ing barjamaahe,

40. Sapa tambu hakekate sami, karana Demak dadi timbul

samana, ya warise Majapait, dupi wasi, ing Gunung Jati marmane,

41. Timbul samono karana waris, bedhane ing sawatara Demak, pancer lanang Majapait, marga iki, mila kendel wawanine,

42. Mulane kocap lanang sejati, ya karana turun lanang Mostikta, bedha lawan Pakungwati, pancer istri, Pajajaran sing ibune,

43. Mila jejer kocap Ratu Istri, nanging padha ngalap warisira, warnanen Demak samangkin, adir-adir, wus agung prajurite,

44. Dalah sakathahing wali nusa Jawi, sami ngucap ing Demak redonan, wali kang sami amuji, marganeki, maring wong Demak jayane,

45. Pangeran Bonang Pangeran Giri, kang Pangeran aneng Kamajagungan, Pangeran ing Lepenjagi, Syekh Magribi, Syekh Bentong Syekh Lemahjene,

46. Raden Patikin Kudus pon amin, dunganira wali wolu ika, sami samya angrencangi, muji-muji, ing Demak kadigjayane,

47. Lan sami mbadhek ika mun mangkin, aning Demak kang ngereh nusa Jawa, wewengkone Majapait, kang angganti, ing Demak Islam ratune,

48. Lami wonten wantir para wali, mring Demak kang wolu puji-puji, basane anganthi siji, maning wali, kang saking Arab tetese,

49. Besuk yen wus sangkep sanga wali, kita sedya rumewang mring Demak, manawi bagja ing wuri, yen suwawi, Ki Demak den sabar bae,

50. Apa maning Rama Ampel Gadhing, maksih gesang yogya kita turuta, sawewangkide pepenging, yen salagi, ing panjenengane dhewek,

51. Yen ta sirna Rama Ampel Gadhing, tangtokna sida kita lih karya, pratignya gunem arepit, lami-lami, Brawijaya wuwuh sirihe,

52. maring Ranggah Bintara sinusuli, kawibawan malih undak-undakan, kinawenang panjengku ing, layan malih, den sengkakaken lungguhe,

53. Nama Pangeran Arya Plembang niti, neng Demak cacangkok neng Palembang, nusa ingkang amadhani, pulo Jawi, tur lengkep isen-isene,

54. Dadi tuwuh mudhak harjaning gari, katambahan Plembang keringan, ingkang sami anggunturi, warni-warni, tulung ingkang segedhene,

XL. DHANGDHANGGULA

1. Carang telung puluh nenem saking
epanging Carub Kandha carita
Sunan Jati sarawuhe
pan saking Masir datu
ingkang ibu sampun pinanggih
aturipun kang putra
ibu kula pethuk
dhateng ing Carbon kalayan
kaula sami niti Negara Doip
sareng lampah nastapa

2. Jar atapa ing arame iki
mangka mandar dinulu ing purba
lir dahar ing jro pajejer
ijajah kang rerusuh
kalepetan maring nanajis
mambu salagi ora
pribasane iku
tapa kang luwih utama
inggih tapa ing arame anglangkungi
tapa ing jroning guwa

3. Kadadaran sabab kenging sepi
dupi wong tapa ing parameyan
bangete perang sabile
sing sapa ingkang nutug
tapa ing ramene sayakti
mundhak kaparekira
ing Gusti Hyang Agung
Saripah Mudaim nabda
ya wis mangsa bodhowa den agelis
tutur ing adhinira

4. Yata Pangeran Jati tumuli
amepegaken warga santana

kawula bala sakabeh
ing Masir padha kumpul
enggal sira ngangkat sang Rayi
kang nama Syekh Nurullah
jinunjung ing lungguh
angantosan kang Raka
ing Masir nagari jumeneng narpati
punapa kadya adat

5. Adat ratu anyar suka ati
ngungelaken gamelan pusaka
Tebel Ibrahim jenenge
wus sampurna pan wau
ingkang rayi dadi narpati
mangka poma dipoma
sira dadri ratu
pacuwan lok nganiaya
sanadyana duriyat Nabi yen dolim
mangsa dadiya Raja

6. Raja Nurullah sabdane riri
barkat donga Jeng Raka mugia
slamet dunia akhirate
Pangeran Jati muwus
iya rayi wis den ngati-ati
amung panedha ingwang
Rayi dipun katur
iku si ibu sun gawa
angajawa lan wasiyat patang siki
sun jaluk sukanira

7. Teteken nur lawan iku keris
kang Kanthanaga lan bedhil emas
lan jimat Solawat mangke
sun jaluk maring isun
kang kanggo pusaka isun niti
ana ing nusa Jawa

Sang Raja amuwus
kalangkung karsa sumangga
pon sampeyan kang kagungan nata Masir
kula darma lumampah

8. Lampahing karsa kang Raka yogi
adan Pangeran Jati pamitan
mintar kalawan ibune
Saripah Mudaim mpun
pan sarya sira anggendhong kendhi
Partulah kang sinihan
saking inten biru
ngajimat Solawat ingkang
winangking ing walikat Maulana Jati
bedhil mas den sengkelang

9. Kanan keri Keris Naga adi
Teteken Nur winangking atungkat
anyinggah pangaruh kabeh
kalih ibu lalaku
amedal saking dalem puri
ingiring dening teja
kalayan lor kidul
awor lan siliring daya
atarik raga kadi malekat sami
anglintangi Tursina

10. Mangkana pangundhang-undhang saking
jujurang jero kang masucian
kang wetan-wetan abange
he ingkang karo ibu
slameta angereh ing Jawi
warising Dawil Arkham
ingkang sira temu
pacuwan asalah karya
angalapa mring warising wong pamali
angrupakaken guna

11. Anglakokena sira ing mangkin
tekeng pati tuhu ing wacana
lilah karsa Hyang Manone
telung perkara iku
gugonana sandhenge urip
malak mandar ta sira
awet ing tumuwuh
tekeng turun-turunira
amardeka padha amengkoni waris
wus dening slametira

12. Yata kang karo ibu lumaris
ing sagara wus dadi daratan
tanana ngampo lampahe
dugi ing Paseh sampun
apalesir sigra kapanggih
lawan raja ing kana,
sang adi ngaluhung
kang mashur getihe pethak
kang anduweni karamat ahwal dohir
ingkan gangrusak adat

13. Ing padbelas dalu Jumat nenggih
diweg sira murnama lalampah
sira Ratu Bagus Paseh
siram dalu ping pitu
lengleng kapti jati nastiti
sapindah nendranira
kalebat kadulu
kang kalih ibu katingal
dipun senggeh ngimpi wangenan adadi
den andhegaken sigra

14. yata kandheg Syekh Pangeran Jati
kalih ibu sampun tinakonan
sakalih wakca tuture
Tu Bagus Paseh sampun

kapiluyu pancering liring
ya birahi alampah
sedya sira tumut
supados sampun cinegah
semadosan salawe taunan maning
ndika nusul ngajawa

15. kinten-kinten Carbon sampun dadi
ing praja katuturan lumayanan
menanten manggih srengenge
ing lumampah tawaju
pramila sampun sapuniki
Carbon maksih burancah
bilih salah sanggup
nuli awekasan perang
tanpa bala dadi sesukering ati
mring wong kang lagi eca

16. Yata kandheg Ratu Paseh mangkin
kadi wong kenang sawan asmara
uneng salami-lamine
kudu bae pakemut
arah nusul sira mring Jawi
supaya ing pambengan
dening kang papaju
winangkidan lah ing benjang
selawe taun ngetan sing dalu iki
yata Syekh Jati lunta

17. Nyabrang dugi ing Cempa nagari
aneng kana mampir mring pandita
Mustakim kahot arane
kinabaktenan sampun
renah sang pandita Mustakim
nabda lah iki putra
kang kadhang angratu
ing Carbon ngereh ing Sunda

wates Cipamali ngulon teka maring
Banten lan Jungkulon ika

18. Dupi ika wetan Cipamali
iku dudu wawarisanira
iku sayakti duwene
jebeng ing Demak mbesuk
wates ngetan tumeka maring
nagara Balambangan
ika ya warisipun
Pangeran Jati anabda
nuhun barkah Jeng Rama Sayid Mustakim
ingkang dhateng kawula

19. Saripah Mudaim wus pernami
sasalaman lan putri Sujinah
kalangkung suka manahe
ing agama lan ilmu
sapantaring padhita estri
tunggil kaputranira
padha anaking ratu
tur padha waris den garwa
dening duryat Nabi Muhammad yakti
pandum ahli sawarga

20. Wadon suci amirna ajernih
mulya rasa tan katelu Tuhan
ing dosa kang sawancine
tan dangu nulya rawuh
Raja Cempa ingkang rumihin
ing wus ambagawan
kang wus sanget suul
ramane Dewi Sujinah
kalih ibunira kang sampun sayakti
arah tumut ingajawa

21. Sadya sareng mati bareng urip
klawan Pangeran Jati kawengan

ing tejane nurbuate
dening kalintang mancur
kumarane Pangeran Jati
raja Cempa wus dhangdhan
kalih garwanipun
Pangeran Jati pamitan
saking arsane sang pandita Mustakim
mpun kalilan ing lampah

22. Akakanten ana ing jaladri
Pangeran Jati lan Raja Cempa
mangkana malih garwane
ika kakantenipun
kalawan Saripah Mudaim
ngalintangi sagara
kadi daratan mpun
anjujug ing papanahan
ing nusa Jawa sampun rawuh ing Jati
Babu Dampul asuka

23. Girang-girang sarawuhe wali
wali akbar sampun ing anjungan
sakulawargane kabeh
miwah ika kang ibu
Saripah Mudaim sukati
tumon bumine kuna
ing Carbon kalangkung
panggih lan kadhang warganya
samya medhek angatur kangen ing ati
maring kang nembe prapta

24. Satuwukira suka-suka ati
andrawina ing ati anjirna
pariwata sagedhene
kasaru praptanipun
musuh medal saking jaladri
tumedhak saking kapal

bule matane suthur
pating jeringklak lir tandhang
ing kunyuk padha suka ngguyu antari
karsane anjajarah

25 . Singa kang ana katon den ambil
amarwasa ora kanggo suka
kadi bajag nemu gawe
Patih Keling kalangkung
denya geger ngadangi weri
kanca sabaturira
wong satus anyendu
ing tingkahe kang prapta
parandene maksih kudu anggegrisi
Pangeran Carbon Girang

26. Dagdag digdig andalahaken ing
pusaka saking ya Pajajaran
sandhaping kayu tan suwe
amedalaken lisus
walirang kang anyedhek maring
musuh dumadi padha
ambekane putus
lumayu amuluk padha
tan bisa laju dening panyedhekneki
walirang gawe upas

27. Wus sirna musuh kabiyas tebih
kapale mundur wus tan katingal
Nyi Dampul girang manahe
kulawarga hyang Guru
sami sukur maring hyang Widi
ing katolaking bala
kang arawuh mau
lah iku ing marmanira
Pangeran Carbon Girang matur ing gusti
kaula amit ngawula

28. Saking Pajajaran kula ajrih
ing rawuhe ingkang sadya ala
baya tan wonten sampune
wau pareged grudug
leheng wus pisan perang ganti
ngalaga menang bala
katena ing laku
Pangeran Jati ngandika
sirnakena napsu papat karana ing
kang dadi wewedian

29. yaiku napsu kang sademi
ikhlasing manah sapatunggalan
aja kaduga keder mire
Pangeran Carbon sujud
asrah tobat maring sang Jati
Molana wus ngapura
salami tumuwuh
Patih Keling wus tinitah
agagarwa putrine Ki Gedheng Jati
maksih kang winastanan

30. Nyi Rara Bandha adhine kang wis
den alap garwa dening Jati Pangeran
lah mapan iku dadine
Patih Keling puniku
pripeyan lan Pangeran Jati
apa dening Pangeran
Karangkendal wau
tunggale Pangeran Panjunan
pon gagarwa putrine Ki Gedheng Jati
ingkang panggulunira

XLI. SINOM

1. Carang kaping tigang dasa
pepitu saking epanging

Carub Kandha anayrita
Pangeran ing Lepen Jagi
denya remen ngaswasi
anging raganya nyalamur
paparaon ing lautan
den bajag wus tutug dadi
den dol maring Ki Riwa wus dadi laskar

2. Den edol salawe reyal
ya dadi laskar piranti
ambuwangi tai king tong
saking laut wontar wantir
dumadi tukang tai
juragan Sabarewuh
datan lami juragan
kenang lara ora ngising
batang butung sambate pongah-pangehan

3. Dhudhukun sing endi ora
tan ana kang miyatani
tumuli ana bandega
matur ana tukang tai
bisa andamu pithik
palembung anginen wau
ndadak sakala waras
juragan nuli nimbali
maring tukang tai ageh warasena

4. isun dening pakanira
dumadak waluya benjing
lara isun warasena
tukang tai sun luwari
sun apuraken dadi
mardika sun laskar isun
mara ageh tulungna
tukang tai adan aglis
majikane den damu sapisan waras

5. Juragan wus kuka bungah
nabdane ya tukang tai
sun merdikakaken sira
kalawan isun wuwuhi
dinar satus saiki
tampanana den agupuh
tukang tai anabda
sampun dados walang galih
wawandining kula kinarsa mardika

6. inggih anuhun sih tuwan
nanging punika lampahing
panumbas jajasad kula
salawe reyal ing benjing
kaula sertangi
lamon kula sampun metu
mboten ayun kaula
kabaten kas giling jalmi
miwah punika dinar katur sumangga

7. wangsul malih ing majikan
Juragan Riwah pepenging
aja sira balekena
tukang tai maksa nuli
dinar tinilar kari
dheweke sakedhap metu
angambil kadhebogan
arese den iris-iris
bunder-bunder dadi pasmat padha mayan

8. Sampun kinarya serutang
Juragan tan karsa nampi
nuliya pasmat tinilar
tukang tai sigra nuli
melung juragan isin
paparaon ngilen nemu
nagara sabrang Islam

nagara katanten becik
panghulune kocap alim agung pisan

9. Yata tukang tai nedha
mentas ing kana wus dadi
aning Nagara Karantam
mapan ora adus kongsi
kalalar bolot dugi
sarirane kadi angus
kucel awor lan lemah
langkung denya ngina diri
pinda-pinda wong jati nembene teka

10. Sarupa wong wandan ingkang
ireng meleteng cemani
medhek-medhek ing nagara
depa depe ing ayunaning
Ki Pangulu Gedhe lagi
ingayap sanguning kukum
ulama lan pukaha
kang persami bersih putih
sami nyandhing kitab ageng musawarah

11. kang samune kahor wignya
alinggih abadan suci
gene wasis kabina-bina
ikhahe kaduli-duli
kocap tapaking anjing
ken nyukili buminipun
kinen mbuwang kang tebah
panakawane kang sami
angladosi den sertu dhingin kang badan

12. Apike kagila-gila
datan kena aningali
wong cemer bidhak walaka
tan dangu khubsi medheki
nuhun piwuruk jati

Ki Pangulu enggal nyendu
sira wandhan walaka
Sumantana anor maring
wong luhung enggo apa aluk lungaa

13. Amarah lawan kerigan
enggo apa milu ngaji
dening sira mangsa dadya
uwong alim maning iki
sang Khubsi amangsuli
nun apunten Ki Pengulu
sampun tuwan amapas
takdir sinten nguningani
tiyang mulya pinten dangune ginawe ina

14. Wong ina ginawe mulya
sapinten artosing dalil
dalil Kuran tuiju man tasa
sampeyan jumeneng kadi
atilar dhateng dalil
kados pundi kukumipun
apilih kang wineja
mapan atunggil abdi
ngabdi ing Allah sadaya kagungan Tuhan

15. Yen kula benjing ing Naraka
sinten kang den pariksani
dening Allah ing Akerat
datan kaula ing benjing
matur yen Kaki Kodi
mungkir tan akarsa tuduh
kaya pa iman tuwan
kaula kapengin uning
Ki Pangulu wus anjag rumaos salah

16. Khubsi tinarikan enggal
ingajak satata linggih
sarya mrebes mili sira

ya sang Khubsi amangsuli
wonten tah kula santri
satata kalawan Guru
mboten ajeng kaula
atilar adabul murid
mangsa kadosa Tuwan Carbon ing lampah

17. Tiwas den kekudhang mulya
angangge sarwaning suci
apike kaliwat-liwat
temahe croboh ing ati
karuwan uwong Khabsi
wus katon cerobohipun
abadan mboten padha
kalayan tetiyang alim
nanging manah mboten ajeng kados tuwan

18. Yata Ki Pangulu karuna
anjerit aniba tangi
ya ulama para pukaha
sami bubar milu isin
sasampune anangis
Kabsi ya datan kadulu
tan kruwan kesahira
Ki Pangulu nalangsa dadi
kalantra-lantra tingkahe lir wong edan

19. Tuwin lir majnunullah
sampun paragat ing kardi
anusup angayam alas
kocap Kabsi wus kapanggih
layan Syekh Lamah geni
den tuntun ing Arab sampun
lunga kaji lan sira
ing kana wus beberesih
Pangeran Kalijaga Syekh Lemahabang

20. sampun kaji mabrura
sabakdanipun akaji
samya manthuk angejawa
Lemahabang maring Junti
Pangeran Kalijagi
karsanira anyalamur
maring pandika ingkang
lagi sayembaraken pecil
yaiku syekh ing Gunung Gundul prawata

21. Sayembarane sing sapa
kang bisa sahadat muni
aneng pangarepan ingwang
aja-aja rupa jalmi
nadyan rupa sato ing
mangkin pasthi sun pu mantu
yata sakehing para
pandita akeh kang prapti
nadya maca ungel Kalimah Sahadat

22. Padha bisa datan bisa
lunga teka ingkang prapti
anglabui sayembara
tan ana kang olih kardi
tumuli ana prapti
macan galak sampun bawuk
ilere durawesan
buntut ngatunggeng anyanthik
kirog-kirog bari deder aneng lemah

23. bari amaca Sahadat
pasehat kalawan tartib
sang Pandita cirak-cirak
nabda lah iki kang dadi
mantunisun sejati
macan wus kinarsa mlebu
maring nggen papajangan

pinanggihaken lan putri
gawok-gawok ingkang sami amaskita

24. Den nyana macan temenan
tan weruha iki yen wis
ing jeroning papajangan
ika nenggeh rupa jalmi
mangko yen nalika mijil
saking tilame kadulu
warnane macan galak
mangkana lamining lami
putri Warasa nenggeh ika garbana

25. Meteng nembe telung wulan
sang macan anuli pamit
saking ngarsane mertuwa
ature poma ing benjing
salamet yen adohir
wewetengane pon ayu
ing sapengkere kula
rama jandika wastani
Raden Penggung benjing yen tataken bapa

26. Janika tuduhi benjang
ing dhedhepol Lepenjagi
sang Pandita wus uninga
ing sawisike kang siwi
andala iyaiki
wus cicidra ki mantu
ing lampah ngaku bapa
sing dohir dumugi batin
sapa tan na benjang ing arah mahsyar

27. Sang macan nabda sanyata
menyat lumampah apamit
lampahe wus aneng alas
iya si asale jalmi

pon pulih dadya jalmi
wus manthuk ing dhepokipun
ing Kalijaga mandhak
Nyi Rara Maningan yakti
garwanira diweg andohiraken jabang

28. Peryayinipun pan lanang
tan darbe popok sasawit
blanja maning yen anaa
Nyi Maningan mbrebes mili
matur lah kados pundi
kaula kalangkung butuh
saranane agesang
datan dangu nuli prapti
Juragan sugih ngaturi kekajengan

29. Kakayon sinjang malaka
ature lumayan kaki
bade popoke sang jabang
Pangeran Kali mangsuli
iku gawanen balik
kakayon encit puniku
tan suka anakingwang
den panganggoni na encit
kang oleh kasab ngribani lan mbobadi

30. Aluk jabang mangko endah
sun kemuli godhong jati
halal beresih ing lampah
olih sun nandur pribadi
yata Juragan balik
sarta manahe gegetun
maring kang pangandika
Pangeran ing Lepen Jagi
dening ora kena den baktani pisan

31. lumuh amale kagempal

marmane kasuhur wali
Waliyullah nusa Jawa
misuwur tanpa atepi
ingkang padhan jalmi
iku wajib piwulang kayun
wewalesing kamarman
dupi Pangeran ing Kali
sadaya amales hal ihwaling dunya

32. pan mboten kagungan dunya
mung akerat swarga adi
nanging si ika Pangeran
tan karsa nyagaraken ing
suwarga mbok manawi
wewenangira Hyang Agung
ngganjar wong kang doraka
aniksa maring wong bakti
mila Pangeran tan karsa den apuja

33. Cipta tan darbe pamulang
Pangeran ing Lepen Jagi
godhong jati kang kinarya
angemuli kang peryayi
nuli ameres budi
ing karamat kang satuhu
godhong kelor cinipta
ing kana wus rupa duwit
kang kinarya balanjane Nyi Maningan

34. Jarak gundul kang kinarya
popoke salin masalin
ya tawakal kang sanyata
Nyi Maningan aneng riki
ya soteh Juragan Adi
neng Jepura tebih iku
ing sawulan sapisan
angirim balanja iki

lir kadi wong anampa kang gajian

35. Iki Ki Juragan ila
ana ing Japura ugi
ngintun blanja saban saban wulan
tarkadhang tan anyukupi
ing belanjaning urip
ing dalem sawulan iku
sabare Nyi Maningan
anggenipun krama wali
mangsa oraa kabubuhan ing ngarad

XLII. KINANTHI

1. Carang telung puluh wolu
saking pang Carub Kandhaning
caritanipun Pangeran
ageng anengi Gunung Jati
Raja Laut king Jakatra
lagi ing kana tetilik

2. Datan antaraning dangu
ingkang akembalan kasti
anuli gumeder kang surak
ungele mandhe sumingkir
pangiringe wadyabala
saking Bagdad angebeki

3. ing tedhak arara supenuh
tumbak tahok lawan bedhil
prajurit Panglima Besar
tingkahe sabagi-bagi
ana ingkang menca pedhang
saweneh amasang bedhil

4. Patih Keling lan uwong satus
geger gumentus ngambengi
kalayan apa pariksa

apa iki apa iki
dening tanpa salo pisan
tekane ngaget-ngageti

5. Patih Kering lan sabatur
angriyung Pangeran Jati
ngaraksa saliranira
mbok menawa sida mbedhil
padha anggep sabilillah
pejah ing ayunan Gusti

6. Tantara nuli kadulu
Pangeran Panjunan sakti
lan Pangeran Palangonan
kalawan Syekh Datuk Kapid
miwah Nyi Rara Bagdad
rawuhe nguluki taslim

7. Wong Gunung Jati gumuruh
anggene anjawab taslim
Pangeran Jati amapag
Raja Laut wus angiring
lan Pangeran Carbon Girang
miwah Saripah Mudaim

8. Pangeran Panjunan sampun
kinanthi Pangeran Jati
lan Pangeran Palangonan
Raja Laut kang kinanthi
Datuk Kapid wus jinawat
astanira ya sang Aji

9. Pangeran Carbon Girang sruh
nabda katuran alinggih
sadayaning sanak kadang
Siti Bagdad wus kinanthi
maring Saripah Mudaim
sadaya sampun alinggih

10. ing langgar patani luhung
anabda Pangeran Jati
katuran pambage tuwan
sawingkinging atur apti
sapinten karsa Jeng Raka
angrawuhi tiyang doip

11. nagari doip teledu
melarang gawene sulit
Pangeran Panjunan nabda
yen den andel dening Rayi
pan Raka ayun ngislamna
ing sanusa Jawi ngriki

12. Cendheke kula ayun
angratoni nusa Jawi
lang menggah rayi sapira
karsane rawuh meriki
akarsa wangun punapa
Pangeran Jati mangsuli

13. Inggih kula sampun ayun
angislamaken wong Jawi
kula senggeh Kangjeng Raka
dereng dumugi ing ngriki
ing mangke sampun kantenan
prayogi raka rumiyin

14. ingkang amandhega Ratu
tiyang anem wonten wingking
nabda Pangeran Panjunan
lah rayi rawuh mariki
babaktanipun punapa
ayun ngislamaken Jawi

15. Pangeran Jati amuwus
amung Kalimah kekalih
Sahadat uwiting Iman

Pangeran Panjunan mangkin
kendel dangu tan ngandika
tumuli Pangeran Jati

16. Nyundul atur kang saestu
ing bodho kula puniki
mugi Raka pinterana
sampun kinendelaken ing
sabda dumados ing kaula
tiyang anem mboten ngarti

17. Pangeran Panjunan muwus
tampi pan Raka menawi
tiyang kang sampun makripat
mboten susah sadat malih
lan mboten susah asolat
jakat pitrah munggah haji

18. Mboten kasusahan sohum
Pangeran Jati mangsuli
pan inggih Raka lumayan
bade rame ing masigit
yen mbotena sapunika
sinebut Islam king pundi

19. Awiting Iman puniku
inggih Kalimah kekalih
Pangeran Panjunan nabda
mbotena pun Raka si
cekel dheleg ilmu ingwang
datan karoreyan malih

20. Yen mboten wani puniku
bencah dada mili getih
sampun kadhuk ilmu kula
ngilmu sajatining tokid
iya Allah ya Muhammad
ya Muhammad iya kami

21. Pangajake Guruningsun
Sayidi Junedil Bagdadi
Pangeran Jati anabda
pangapunten Raka yogi
lah inggih ya makatena
bade punapa piduli

22. Dhumateng sasanesipun
ing makomat taukid
tan ana sembah-sinembah
tan ana Kawula Gusti
bade punapa amalar
ngratoni ing nusa Jawi

23. Angrerebedi ing laku
lakuning kang 'ningal supi
amadhab kajabariyah
dupi pangrepek kula si
ajeng nurut nuhun umat
dhateng madhab ahli supi

24. lampahipun Kangjeng Rasul
makripate angrawuhi
wajib mokal wenang ing Hyang
kang kamot ing tahlil jati
tegese tanana pangeran
anging Allah kang sayakti

25. Yogi Panjunan malenguk
katalanjur ya ing Gusti
kang babasan katalarak
angel den dilat ing maning
dadi rumaos kandapan
nabdane Rayi sing pundi

26. Ilmu Rayi angsal guru
saking pundi iku Rayi
Pangeran Jati anabda

guru kula kang rumihin
ingkang nyawa Rasulullah
ing Mahmud genya anjati

27. Kaping kalihipun guru
kula ing Syekh Najmudin
al Kubri ya Waliyullah
kaping tiga kula warid
maring Sayid Atoullah
aneng nagari Sadili

28. waliyullah kang satuhu
kaping sakawan awarid
kula dhateng Wali sabrang
Datuk Sidik kang linuwih
kaping gangsal sabrang uga
Datuk Bahrul kang anami

29. Kaping nem kula geguru
wali Jawa Ampel Gading
Pangeran Panjunan wakca
nggih kasasar temen kami
guru kula mung satunggal
Syekh Juned aneng Bagdadi

30. Sumedya kula aguru
dhateng Rayi sapuniki
lah sumangga beatana
tungtunen ing margi jati
yen mungguhu uwong kasasar
enggal jandika tulungi

31. Tinarik kang jempol sampun
Pangeran Panjunan takdim
anampeni tlekin beat
ing wisik Pangeran Jati
dadi resep sumarira
dadi jejeg punang ilmi

32. Esmunira pungun-pungun
Pangeran Panjunan angling
he Rayi amit apejah
sumangga dhateng kang tebih
angrantun ing pagunungan
sadya dumugi ing pati

33. wonten waringin pepitu
mboten wangsul mriki malih
bala kula tigang kapal
katuran dhateng kang Rayi
miwah wargi sun sadaya
ingkang jaler ingkang estri

34. sakarsa Rayi pon katur
miwah pekathik pangarit
kang neng Sembung nang Japara
miwah kang wonten ing Junti
napa malih ing Panjunan
sadaya katur ing Rayi

35. Rayi jumenenga Ratu
amardika anyakrawati
angreh ing Sunda nagara
mung punika kula titip
kawula bala Panjunan
sampun sami den satroni

36. ing saturun-turunipun
samiya padha angabdi
ing duriyat Rayi benjang
sampun sami salah kardi
adudon-dudon punika
kang mboten kula sukani

37. Den becik persami nunut
angaubi duryat Rayi
layan duriyat jandika

dipun sedhep ngangken ngabdi
sing udunya rawuh akerat
punika kang kula puji

38. Layan kaula anuhun
kang siti bade piranti
damel sarana gegethak
dadosa salamnineki
mambrih kauripanira
kang saking punika siti

39. Rayi kala aken tuhu
kang darapon dumadi
kawula bala Panjunan
kang anggarap kasab siti
ing saturun-turunira
dumugi ing jaman akir

40. Pangeran Jati amuwus
perkawis punika ngabdi
muwah ingkang kaluwarga
idhep-idhepe persami
kalayan duriyat kula
sampun Raka walang galih

41. Layan malihe puniku
kang dados kauripaning
kawula bala Panjunan
punika kula paringi
bumi epung namanira
jajahaning Pakungwati

42. Ameheng Raka puniku
kesah sampun lami-lami
Pangeran Panjunan nabda
mboten wonten kaping kalih
atur pon Raka sapisan
kang kangge sandheng urip

43. Kula mboten arah wangsul
nedya dumugi ing pati
waringin pitu karana
punika pamugasaning
empu dados dhuk natkala
jengkare wong molah wesi

44. Gucele pandhe rumuhun
pon awite saking ngriki
saking ukir Patuhunan
anglandheng anatas maring
waringin pitu punika
prasasate mboten tebih

45. Dumados pribasanipun
kaula kalayan Rayi
mboten betah raos kula
adu cocog layan Rayi
mangga Rayi akantuna
pan Rayi amit ngemasi

46. Nabda salamualaikum
bala Panjunan ngebyuki
anggendoli gustinira
Pangeran Panjunan adi
sakedhap datan karuwan
puruge kalih kang Rayi

47. Pangeran Palangon tumut
sira wus anirna kardi
Datuk Kapid kang ngawula
dhumateng Pangeran Jati
pinangka Pangulunira
ing jati murba alami

48. Siti Bagdad ingkang nuhun
dhedhepok ika wonten ing
Kandhangaur wus sinukan

denira Pangeran Jati
tumeka ing yuswa kina
sinukan kalayan asri

49. Sungguh-sungguh ati sampun
katingal damele piranti
terap ubin wawangunan
Sri Kedaton amuwuhi
rerenggane Cipta Rengga
muwah saking dalem kaji

50. Lami-lamining tumuwuh
nuli Sunan Ampel Gading
kawartos lamon semalah
para Wali Jawa dadi
sedya aneng Ampel Denta
sami mulasara mayit

51. Samya ing kana akumpul
Syekh Bentong Pangeran Jati
Syekh Magrib lan Syekh Lemahbang
Pangeran ing Lepen Jagi
Pangeran Majagung uga
sang Kudus Raden Patikin

52. Pangeran Giri pan tumut
sumawona ingkang siwi
Kangjeng Pangeran ing Bonang
sami andongakaken mayit
Sunan Ampel sampun sirna
kinubur ing bumi suci

XLIII. KASMARAN

1. Mangkana carang winarni
kaping telung puluh sanga
anenggeh ingkang critane

Raden Patikin pramula
pinarcaya sakathah
dening sakaliring tuwuh
yen punika Waliyullah

2. kang iman patutu bumi
dening si anom priyangge
bedha lawan liyanira
sami sepuh sinepuhan
mila Rahadiyan iku
kocap Wali Panutupan

3. ana ing anusa Jawi
tur prawira kalangkungan
turun pisan sing ramane
Pangeran Undung sanyata
timbul kaprawiranya
mangka ika putra Kudus
kawilang wali brangasan

4. Pandita berangsong singgih
segut dinulur ing purba
ginunggung dugal pugale
dening kang amarganana
ladure Waliyullah
ingkang tinilad ing laku
Baginda Ali prakosa

5. Raden Patikin wus dadi
den gadhang ing para Olya
wali yen ika yaktine
prajuriting para Olya
andele perang muka
sinayogya jayeng satru
cucuk manggalaning perang

6. Lemes wesi anggulali
gunung den akon lumampah

pon anut ing sakarsane
gunung den aweh aprapta
ing ayunane Radyan
lan kuwasa ngesat banyu
dyan sagara dadi asat

7. Kocap ing nalika dadi
leledhang pinggir bangawan
pinanggih lawan rowange
bangawan mangsa punika
banjir kang ambalabar
panakawanira matur
Gusti punika bangawan

8. banjire kagiri-giri
sumangga gusti manthuka
Raden Kudus wangsulane
sira wedi maring toya
sok lu padha liwata
dalamakane cinelub
ing toya dadiya balak

9. Anglelurung yata sami
panakawane aliwat
dhingin dhedhinginan ageh
Raden kang ana ing wuntat
sareng mpun sami nyabrang
wonten tiyang atur-atur
sidekah sekul idhangan

10. Yata panakawan sami
berag tumon lan idhangan
Raden Patikin kersane
desa kang pedhek bangawan
kinen angundhang dahar
samya mbakta klasa gupuh
nggo lelemek kula dahar

11. Yata ing kana wus prapti
kalasa sampun ginelar
ana ing luhur toyane
bangawan kang ambalabar
teka ika kalasa
kambang saluhure banyu
ora kenthir dening toya

12. yata ing kana persami
dahar asaluhuring toya
angeca-eca pasange
satutuging wong adahar
ika samiya bubar
lah ika margi karuru
yen Rahaden Waliyullah

13. Anuli lampah lastari
manggih Ajar ing Lumajang
nuli den kon Islam ageh
sa Ajar apa lah sira
lah ika yen sanyata
ndika Waliyullah kudus
yen bisa marentah surya

14. Mangko sira angastuti
yen ndika estu laksana
Raden Patikin tan suwe
nudingi srengenge dadya
surem padha sadela
ingkale tan ana mendhung
surya dadi kajineman

15. Tumuli dipun sabdani
dening kandika Rahadyan
he srengenge sira amangke
mangda sore abalika
angetan dadya enjang

kalayan idin katingsun
datan dangu ika surya

16. babalik mangetan maning
ing tingal Ajar Lumajang
dumadya sira adhepe
sujud wus amanjing Islam
maring agama Allah
lumebet ing Raden Kudus
Islame Ajar Lumajang

17. Anuli lamining lami
ana wong alasan aprapta
Buyut Gerantung namane
kapaten anake ika
dadi angalantra-lantra
sagenahe mengmeng liwung
kayungyun ing anakira

18. Datan dahar datan guling
arsa kapanggih lan anak
ingkang wus mati sangkane
den ajap kapengin manggya
wus pirang-pirang wulan
tumuli ika katemu
lan Raden Kudus ing alas

19. Buyut Gerantung nyungkemi
ing padhane sang Rahadyan
aminta sih pitulunge
kongsi bisa apanggiya
kalawan nanakira
ingkang wus ana ing kubur
Rahaden ika anabda

20. anglangkara sira iki
kadi paran yen ta ora
katemu lawan ingwange

sira tan wurung apejah
amargi saking sasar
dumadakan sira temu
katemu maring wong Islam

21. Embok datan uning iki
anakira mati budha
delengen ya sira ageh
yata bumi wus den usap
den jejek bumi menga
katon ana alam kubur
kang bagja lan kang sangsaya

22. Katingal anake lagi
galang giling aneng lemah
wedi malela kasure
bari pepek kang sandhangan
den galang-gulung emas
Buyut Gerantung amburu
kang anak sampun den eman

23. Sinabdanan aduh bayi
si bapa ora kawawa
pisan lawan sira mangke
wus teka ing panggenan
nulya sira geh musnah
karana banget Ki Buyut
ngelosod ing arsa Rahdyan

24. Sang Wali Patikin angling
sira aja kadadawan
semono gan lumayane
sira ingkang anglengkara
apa nganthi ta sira
sun pendhem aneng bulukbuk
tega ndika mendhem kula

25. Ki Buyut sumangga gusti
ing sakarsaning tuwan
kawula amung anderek
enggal ing kana kasebat
Ki Buyut aning jugang
adan ingurugan sampun
wewulanan datan angga

26. Raden Kudus iku nuli
amanthuk sampun pinarja
dening sagunging babaktos
yen ika Wali utama
ing bumi Kudus dadiya
sidike uwong Kudus
sinebut macaning Allah

27. Loro ika den arani
Undung Patikin kang nama
ramane lawan putrane
andel-andeling Aolya
den basakaken mikdam
Senapati ing Ajemur
kang karana Sabilullah

28. Sinebut mikdaming Kamil
kang kendhel tanpa keringan
ika satuhu wong loro
Pangeran Undung kalawan
putrane ingkang nama
Raden Patikin wus tangtu
ika dadi tambak baya

29. babayaning para Wali
punika ingkang anambak
kinarsakaken dumados
papakuning gelar Islam
ana kang kacarita

Pangeran Lepen tawaju
angiringi Waliyullah

30. Angajak carem ing ukir
careme nyata sadaya
Pangeran Giri Kedaton
Pangeran Majagung ika
Raden Kudus kalawan
Pangeran Bonang awiku
Syekh Bentong lan Syekh Lemahbang

31. miwah Syekh Molana Magrib
Pangeran ing Kalijaga
wewolu kempal sakabeh
sami acarem ing kana
tumaninah ing manah
dangu sami gunem sampun
taros tinaros ing karsa

32. Sinten tah kang karsa dadi
Ratuning Aolya Jawa
layan sinten pangulune
lan sinten kang pindha Jaksa
neng Wali nusa Jawa
lan sinten kang juru magut
Senapatih ingalaga

33. yata wus ana panggusti
yen Pangeran Kalijaga
layak dadi Pangulune
ingkang tinuduh ngandik
sampun jasad kaula
mangke sakedhap ga rawuh
wali kang tetesing Arab

34. Opyak ingkang para Wali
lah iya ora kelingan
kari Syekh siji durung katon

tan dangu ika Pangeran
Gunung Jati angungak
sing kali tengah andulu
Gunung Careme katingalan

35. Agupuh Pangeran Jati
badan nyawa uwus prapta
ing Gunung Sanghyang Kendhite
wali kang ana ing puncak
samya manjing mring kawa
Pangeran Jati wus rawuh
ing kawa wus malinggihan

36. Yata rinembag tumuli
yen Kangjeng Pangeran Bonang
ingkang pinangka kabayane
Pangeran ing Kalijaga
ingkang pinangka Jaksa
Maulana Magrib iku
karana Magrib Molana

37. pasehat ing dalem kasti
wiwiting kalawan akal
kang dadi Senapatine
Rahadyan Kudus karana
iku luwih prakosa
ingkang minangka Panghulu
Pangeran Jati karana

38. langkung kapareke maring
Allah ing bab hal agama
wus dadi gunem cature
tedhakipun saking arga
maring Carbon sadaya
karsa mangun masjid agung
ing Pakungwati dumadya

39. Den babad iku tumuli

kang tegal pangalang alang
kidule Ki Kuwu Carbon
Pangeran Jati kang ngajak
angreka-reka bakal
wangun masjid sasukanipun
para wali mupakatan

40. Pangeran Jati nimbali
ing Panghulune priyangga
kang Datuk Kapid jenenge
wong asal saking Bagdad
Kakang Datuk gaweya
surat nggo anjaluk kayu
maring kabeh sanak Bagdad

41. Anaha sasaka siji
Saka Guru kang prayoga
lawan sasaka sijine
kakang ngirimana surat
maring Mesir anedha
saking sanak Babu Dampul
tan wurung mangko pikangsal

42. Lan ing Rayi nateng Mesir
nedhaha satunggal ika
kalawan maning sijine
anedhaha saking Jidah
wong sanake Raka Bonang
Samsu Tambres baladipun
ing Kuswa nagara Jidah

43. Dadi watara ulami
kakumpula andangdosan
para wali majmungane
ing masjid Pajlagrahan
sawetan Padaleman
Pakungwati kang rinubung
Dalem Agung kinasihan

44. Kangjeng sing Arab wus prapti
wangun Saka Guru papat
wus langkep tukang magawe
kasaru para Aolya
sasanga ingaturan
maring Demak kang satuhu
Pangeran Arya Palembang

XLIV. PANGKUR

1. Carang kaping kawan dasa
saking panging Carub Kandha winarni
ing Demak sampun kekumpul
Jeng sasaka king Palembang
saking Malaka lawan saking Surandul
Cempa kalawan Singapur
miwah saking Atas Angin

2. sing Paseh wus magelaran
tukang magawe den butuhaken Wali
Sasanga sami ing riku
awangun masjid Demak
rame sarwi agunem adheging Ratu
kang ana ing nusa Jawa
ika kang dipun rempugi

3. dening Wali nusa Jawa
Arya Palembang enggal madheg haji
amapasa ratu mau
ing awit Ratu Islam
Pangeran Undung ingkang kinarya cucuk
manggalaning perang muka
ambedaha Majapait

4. wus anguntaraken bala
wong Majapaitpon mpun mapag jurit

ika senapatinipun
Ki Arya Pecat Tandha
Dipati Teterung kang kinarya cucuk
manggala sing Maostikta
ramening kang prajurit

5. Tan kaucap lamanira
genya samiya amangun masigit
ana ing Demak kang agung
kocap ingkang samana
bubuhan sasaka padha ing sadalu
Pangeran ing Kalijaga
bubuhan dereng siri

6. Pangeran Bonang ngandika
jebeng Kali aja sembrana budi
saskane mapan durung
tan dangu ika dadya
ambengketi tatal den taleni kukuh
den suguh dadi sasaka
bubuhan ana ing kali

7. Wis sangkep sigra tumerap
wus angadheg ing Demak punang masjid
sasakane telung atus
mikrobe mapan sanga
dadi perebut mungguh ing kiblatipun
ngandika Pangeran Bonang
kirang mangaler sathithik

8. Syekh Bentong lan Syekh Lemabang
ngandika kirang ngidul sadhidhik
Pangeran aneng Majagung
ngandika wus prayoga
sedheng kiblate yata sami parebut
den kencang den kencong lawan
ingkang tapak tangan siji

9. Mingar-minger kang taruban
tumuli pan Pangeran Bonang angling
prayogi sami tawakup
ing mangke tingal kita
padha solat Hajat anuhun pitulung
ing lerese kiblat kita
yata kendel para Wali

10. Sareng dalu solat Hajat
pareng bakda salam Kabah kaeksi
saking Demak katingal wus
ngandika para Olya
sumangga dipun enggal wangun saestu
yata sami dipun sawang
pon sami sawala dalih

11. kang saweneh sabdanira
inggih iya kirang ngaler sathithik
saweneh kandikanipun
ya kirang ngidul pisan
nedha sampun diweg mangkana ing riku
Pangeran Kali Jajaga
sabdane ora uwis

12. ya mpun lir kadi awan
maksih samya padha ing apradongdi
nuli Ngeran Kali iku
madhep ngidul nalika
mergagah ingkang asta kang kiwanipun
anyepeng memolonira
masjid Demak karyaneki

13. Memolone Kakbahtullah
wus kajungjung enggal sira katarik
Kakbahtullah sampun gathuk
kalayan masjid Demak
sasampuning gathuk Pangeran Kali muwus
sumangga lan dipun awas

karsa kados pundi malih

14. Pangeran Jati ngandika
inggih sampun sentreg pisan nigasi
sadaya pon sami rempug
tumuli Kakbahtullah
den uculaken geblas saking nggenipun
kawuryan pareng ing enjang
ana gumandul kang kari

15. cumanthel ing masjid Demak
Pangeran Bonang ingkang uning rumiyin
ngandika juputen iku
teka kaya wilulang
padha karyanen rasukan iku bagus
pon iku Antakusuma
milike Pangeran Kali

16. Sabab mau duwe gagat
anggathukaken masjid kekalih
pon ora nemua iku
kakatutan sing Arab
paparinge Allah iku kang saestu
maring rayi Kalijaga
kang prayogi anduweni

17. Sarta ika kang tumedhak
kang padha dadi raja nusa Jawi
prayogi kang kanggon iku
yata iku rasukan
wus den silih dhateng Pangeran ing Undung
wus binakta paparengan
ika rasukan Ki Gandhil

18. Sang Undung angudi lawan
pamuk ing Majapait Terung dipati
rame kang ayuda iku

nemu bobot pecat tanda
amusuh ing palagan kalawan Undung
tan dangu ika pangeran
Undung kasambut ngemasi

19. Rasukan Ki Gondhil mesat
kula getih manthuk ing Demak nuli
Pangeran Jati amuwus
lah ika si rasukan
kula getih patut sang Undung kasambut
para Oliya garjita
sami ningali kulambi

20. Datan dangu layonira
Pangeran Undung prapta wus den beciki
ing kulon masjid den kubur
sampun sirna sampurna
nuli rempag ing para Wali yen iku
Raden Patikin sinengka
pan mangke ing alinggih

21. yen anggentosi pusaka
ingkang rama kang sampun negmasi
sinebut Pangeran Kudus
payung lante kandaga
ingkang rama ing mangke kinongang lulus
kalayan rempug dadiya
anggentosi Senapati

22. Den gosok males pulia
ingkang rama kang sampun mati sabil
panganen Pangeran Pakung
Pangeran Giri Gajah
sarta binaktanan candi dana agung
peti pusaka Palembang
bukanen tengahing wari

23. Pangeran ing Giri Gajah

sarta duhung Kalamunyeng asakti
dupi Pangeran ing Kudus
sarta bendhe pusaka
saking Mesir babaktane Jaka Undung
Pangeran Jati kang sarta
babadhonge kang sinakti

24. Wus mangkat saking payudan
prajurit Majapait mapag ing wari
ika Dipati Teterung
lan patih Gajah Mada
katiga tumenggung Wilatikta laju
dhedheging apalawanan
sami titiga ngon jurit

25. Pangeran ing Giri Gajah
ngunus duhung Ki Kalamunyeng dadi
medal tawon aberewu
Ki Patih Gajah Mada
ingkang methuk ibur dening tawon ngrubung
ngantupi kang wadyabala
kathah bingut king prajurit

26. Pangeran Jati kang sarta
babandhong Ki Rakim den kirab dadi
medal tikus aberewu
Tumenggung Wilatikta
ingkang methuk rusuh dening tikus ngamuk
kang gagaman padha ranjad
sandhangan pating saluwir

27. Peti pusaka Palembang
wus den buka jumegur mring langit
dadi peteng kadya dalu
wong Majapait susah
dening kang peteng tan bisa ningal musuh
bala Majapait bubar
agung si padhang sasidik

28. Dipati Teterung mulat
manthuk maring negarine pribadi
sadaya mapan ngajemur
Ki Patih Gajah Mada
Ki Tumenggung sabalane bubar larut
ing gunung-gunung ing alas
pan keder dipun bebedhig

29. dening tawon dadya ika
prajurit Majapait tan ana kari
sigra keraton den riyung
dening kang bala Islam
tepung gelang dupi wus padhang kang limun
kadaton wus anggulendang
marade wong Majapait.

30. apa kaya Pajajaran
genya merad anyiluman persami
datan kadeleng saestu
yen katon rupa macan
padha sawaktu iku wali tetelu
amburaki prabayasa
pasundan ing Majapait

31. dipun usung maring Demak
den pajeg pisan ing ngareping masjid
dumadi surambinipun
dupi putra Sang Nata
Majapait Lembupeteng namanipun
paladara asusupan
ing gunung Lawu anyingid

32. Wus sakarsa mendhem raja
tan pati-pati awak marmaning benjing
yaiku ingkang tumurun
ing Keraton Kartasura
mula si benjing maris ana pungkur

anyelang ing kerajaan
iku adiling Hyang Widi

33. Nasab tunggal turun nata
dupi sang prameswari Andarawati
kantun ing kana pinethuk
dening pangamitnira
Pangeran Kudus binakta ing Bonang sampun
binakten ing putra wayah
nutug ing sakeca galih

34. wus malebu maring Islam
pan sadaya kawula Majapait
inguripan sami nungkul
kapurba dening Demak
anging Dipati Teterung maksih minggung
saban rasa duwe dosa
mejahi sang Undung uning

35. Dumadi anglalu pejah
paksa wangkeng maring Demak amungkir
mboten sumedya anungkul
masih sira amapan
wus den lurugi dening Pangeran Kudus
tan karsa amangihana
ngilang-ilang sawatawis

36. Kandha dara karsa Islam
nungkul ing Demak margi den basajani
dening Pangeran ing Kudus
lan sabda demi Allah
ben kula arep males puli awau
endi ana wali babad
apa kula baya ngarti

37. maring papastening Allah
yata Dipati Teterung sampun kiring
maring Demak sampun sujud

ing ngarsane kang Raka
sarta sira angaturaken patobatipun
Pangeran Arya Palembang
ing Demak sampun anari

38. He putra Kudus sapira
rehing mau dosa ya amateni
rama andika Ki Undung
Pangeran Kudus nabda
mboten sedya kaula nuhanaken kukum
sami salamet kentasa
ing papasten inggih sami

39. Pangeran Arya Palembang
anaksekaken dhateng para Wali
Pangeran Jati amuwus
mboten dados punapa
sabab ngapunten ing wali deminipun
sanajana dosa pejah
pati baun bil makrupin

XLV. MIJIL

1. Carang patang puluh siji saking
Carub Kandha caryos
Pangeran Arya Palembang ageh
sedyanipun ya amunggah haji
ambakta kang arayi
Dipatih Teterung

2. Wus den alihaken ingkang nami
lelembut kang uwong
Pangeran Palakaran jenenge
wus ora katelah Adipati
balik satrya dadi
kalih rakanipun

3. Sakalihe arah munggah haji
katiga sang kahot
Pangeran Kudus ika anderek
maring Arabi alampah haji
dupi kang den titi
ing Demak atunggu

4. Wali wewolu ana ing masjid
sami amekuwon
Jeng Pangeran Bonang pangarepe
Pangeran ing Jati sengka dadi
Panghulue iki
pinangkilan sampun

5. Olya kaparek ing Hiyang Widi
sinihan ing Hyang Manon
Pangeran Kalijaga tegese
Kebayan Wali ing nusa Jawi
Syekh Bentong lan malih
kang Molana Magrib

6. Kang arti Jaksaning para Wali
pasehat ing kaol
Syekh Lemabang kalayan malihe
pan Pangeran Giri Gajah sami
sadayane iki
ing kana atunggu

7. sarta angramekaken masigit
Demak kinawanton
sinangkalan Cibling Gatele
ing Asu lawan dipun wastani
namanipun masjid
Rasa Cipta luhung

8. Ana dene kang ngawat-awati
dirga maka wonten
Patih Wanasalam sabature

sakathahing ponggawa amantri
saking Majapait
wus tinutut-tutut

9. Tetep samya padha ing nusa Jawi
ing Demak Kaprabon
Majapait dadi alas gedhe
aneng Demak rinubung sami
kawulabala Ji
apa denenipun

10. papakem Jawa sing Majapait
kinarsakaken nggo
ambandingi hukum Arab mangke
para Wali tan karsa ambasmi
ing kaitan Jawi
pon maksih den ingu

11. Galebul balad pon ring-ringi
adate Karatòn
miwah akeh amang-amangane
para Wali datan amateni
adating kang Jawi
maksih kinadulur

12. Mila amengan topeng lan ringgit
ora enthong-enthong
barong pantun gembyung lawan ronggeng
umpamaning ya badaya puri
baksa ngawih ragi
karesmening Ratu

13. tan den anasika dening wali
marmane tan enthong
maksih nuli ing akir-akire
pangaruhe Sri Majapait
duging Ratu Wali
pon maksih angladud

14. Tumenggung Wilatikta wus ngesthi
ing Demak Kedaton
asabda karya kang sawancine
angaramoni agama Muslim
maring para Wali
ing Demak akumpul

15. Dupi Patih Gajah Mada nyigid
amerad lan manggon
ing Nyi Wandan Kuning pangrendone
ora katingalan dening jalmi
yen mangsa kaeksi
katon macan agung

16. Mangkana salamining aurip
tan bedha ing kulon
putri Rumadala pangrendone
ing Ajar sakarsane tan keksi
yen mangsa kaeksi
katon macan agung

17. Tunggal Pajajaran lan Majapit
salahe mangkono
tan campur lan wong Islam merade
wondene ingkang maksih kaeksi
nanging baya ngesthi
iku wong tetelu

18. iya iku Ki Ageng ing Pengging
salamine kang wong
datan seba ing Demak puraje
sampurna genya kadi ing ati
tan karsa angabdi
ing Demak sing luhung

19. Kaping kalih kalawan panggarit
ing Lasem pon mogok
tan karsa seba ing Sang Jatene

terus ngantep genya ageng kapti
diksura maneni
gumagunganipun

20. Kaping telu Puji Surawidi
ing Rembang pon mogok
sekutu lawan Pengging ciptane
kudu sedya angreka asilib
maring sang Jati
ing Demak Kedaton

21. Kocapa sakathahing pra Wali
barjaah ing kono
gilir genti imam jumuahe
wali wewolu andarbeni
mikrob siji-siji
sewang-sewang nggenipun

22. Pramila masjid Demak sayakti
den enggatra ing enggon
ana sanga paimaman kehe
dening wali ingkang siji-siji
yen imam tan manjing
ing nggen campur bawur

23. Saenggen-enggene pyambek kardi
berjamaah uwong
dumas kang kumpul saban jumate
gumelar ingkang tedha saji
saban jumat dadi
dana dinanipun

24. Satuwuhe kang kawula alit
ingkang ceko reko
punapa malih kebat cukate
sami anjum sunah maring wali
ing Demak magami
iya sangaprabu

25. Mangke kawarnaa ingkang sami
haji kinatelon
Pangeran Arya Palembang mangke
sampun dugi saking Arab haji
nobatken kang rayi
nira ingkang wau

26. nama Pangeran Palakaran iki
ing Kabah anglosod
Pangeran Kudus dadi saksine
sampurnaning ingkang sami haji
sami manjing wirid
maring Wali Guru

27. aning Mekah Syekh Imam Najmudin
kuburing Hyang Manon
sinungan talkin lan salsilahe
khirkat suul sawanci-wanci
ing panginen maring
dat kang Mahaluhur

28. Sakatigane wus tampi wisik
genya amaguron
sanget ing kana mapan tobate
Pangeran Palakaran akongsi
jasmanine putih
lir kertas kang mempur

29. Pangeran Arya Palembang nuli
ngajak manthuk mangko
sakatiga wus mabrur hajine
wangsulira kampir tumuli
ing sabrang sang wasi
ing Cempa tas lisus

30 Syekh Maolana Jatiswara uning
yen tetelu uwong
saking Jawa mabruroh hajine

wus den rempek sira sinandhing
sasarengan linggih
kalih ingkang putu

31. Kang nama Pangeran Atas Angin
sami padha sanggon
kalawan Pangeran Haji mangke
tumuli Syekh Jatiswara angling
he sang Jati siwi
sedheng sira iku

32. Pangeran Haji mulya kaki
jumenenga katong
ing nagara Aceh amubangare
amadhega Sultan kang sejati
kang dadi surambi
ngarab Mekah iku

33. kang kenceng sira ngolah agami
karta Hiyang Manon
Pangeran Ageng sira kang open
ing Aceh sira kang aprayogi
adadiya mangkin
Pangeran Panghulu

34. Aning Aceh poma ingkang adil
ing kukum Hyang Manon
karana panghulu iku yaktine
mbesuk kang dadi dadasaring
Naraka yen adolim
tangtokena iku

35. Dupi sira wong Jawa kekalih
jumenenga katong
Pangeran Arya Palembang mangke
jumenenga sira Ratugami
ing Demak nagari
nama Sultan Ageng

36. kang amurba ing nusa Jawaki
iku idin ingwong
Pangeran Kudus sira kang open
ing Demak sira kang prayogi
adadibya mangkin
Pangeran Panghulu

37. Aning Demak poma ingkang adil
ing kukum Hyang Manon
karana wong Jawa anggulateh
akeh kang padha kerasing ati
lembek tandhangneki
sabab adatipun

38. Bedha lawan wong sabrang sayakti
lembek atining wong
padha keras ing tingkah polahe
wong Arab ingkang den emperi
wong Jawa kang sulit
parek ing Bapanipun

39 Mangko yen ana Bapa ing Jawi
sira dipun soso
tekakena ing sakukumane
kang kocap ana ing tulis iki
kitabe Hyang Widi
aja sira bunuh

40. Dupi sira Palakaran mangkin
den sanget maguron
ing darajat gurokena mangke
leburen tapake ing samangkin
pan pinangka dadi
tobatira mau

41. Natkala katalanjur mateni
sang Undung dhuk repot
yata sadiya Pangeran mangke

sami nembah maring sang Jati
matur anuhun sih
barkat pamit wangsul

42. Wus sinukan abubar tumuli
ing Aceh Kedaton
waneh ing Darajat carangane
pan puruhita jati asiwi
maring awawasi
ing darajat gunuru

43. Pangeran Palakaran angesthi
anjum tan angroro
tingal tunggal maring Hyang Gurune
sabalane ing Teterung sami
sewaka ana ing
Darajat Sang Guru

44. Salamine tan ginggang wonten ing
karsane sang Kahot
Pangeran Darajat langkung marmane
maring murid kang anjum esthi
tingal tan kekalih
pan genya aguru

45. Kocap yen wis sakulit sadaging
sabadan saeroh
layan Pangeran Palakarane
ujar yaiku lakaring Wali
durung kosi dadi
kaburu ing lampus

46. Pangeran Palakaran alalis
wapat aning kono
wus becik binecik kurnapane
ing astana ingkang den arani
Palakaran iki
Carbon mungguh kidul

47. Sabalane ora kena mulih
kerasan ing kono
atunggu astanane gustine
yen pinareng kang padha amati
